

Nivo B



LESON FONDAMANTAL
SOU MINISTÈ FÈ DISIP

Mónica E. Mastronardi

LESON FONDAMANTAL SOU MINISTÈ FÈ DISIP

Mónica E. Mastronardi

Tradwi pa Marc Versil

Copyright © 2012

Asociación Cristiana De Literatura Regional
Mesoamérica Región, Iglesia del Nazareno

GID POU ANSEYAN AN

Nou felisite ou paske ou aksepte privilèj ak defi pou ou anseye nouvo kwayan nan Kris!

Se sa menm Bondye rele nou pou n' fè antanke legliz: fè disip. Gid fondamantal sa a pou pwogram fè disip la pral ede nouvo konvèti nan Kris anpil, etabli fondasyon solid pou yo kòmanse mach yo nan Liy Kreyèn nan epi pou konduit yo demen nan travay Bondye. Sa a se vre, fason legliz la ye jodi a ak fason li va ye demen depann de efikasite travay sa a.

Se vre ou te lapriyè anpil pou moman sa a, epi petèt ou te pase plizyè mwa ap lapriyè ak anpil lajwa nan kè ou pou moun sa a ka sove. Si jan nou di sa la a se vre, di Bondye mèsi paske li reponn priyè ou! Ou pral investi nan moun sa a pandan anpil tan. Poutèt sa, nou pral, ba ou kèk detay tou kout pou ede ou nan travay ou a.

Jezi te di: *“Ale epi fè disip nan tout nasyon, batize yo nan non Papa, Pitit la ak Lespri sen an...”*

Matye 28: 19

1 Sonje ke pwogram fè disip la plis pase Bay oubyen fini ak yon seri leson: se yon pwogram ki dire tout tan ouap viv. Envite moun nan espesyalman, sitou, pou li vin yon disip fidèl k'ap suiv Jezi. Ou pral gen pou ou pataje lavi ou, eksperyans ou ak konesans ou pou ou gide yon moun nan chemen ke ou te deja chwazi pou ou mache a. Li enpòtan pou ou devlope ak moun wap anseye a, yon relasyon damou, yon relasyon konfyans youn nan lòt, yon relasyon ki pèmèt youn aprann konsènan lòt. Ou dwe montre volonte ke ou genyen pou aprann nan men you tou.

Yon relasyon pèsònèl ki gen linite ak

sousi pou lòt moun etabli baz pou ou fè disip. Lòt bagay sa pwodui ankò, li garanti pou nouvo frè sa a oubyen nouvo sè sa a yon modèl lavi ki sen pou lavi y'ap mennen nan Kris la ak pou ministè yon pral responsab antanke gid. Ou dwe konnen ke ou pral gen pou ou viv lavi ou kòm yon egzanp pou nouvo konvèti sa a, paske yo bezwen wè egzanp ki klè devan je yo.

2 Yon lòt travay ki enpòtan ankò nan ministè ou antanke yon anseyan pral la pou ede nouvo frè ou la oubyen sè ou la konnen epi pratike disiplin espiyèl yo, ansanm epi an prive. Piske ougen eksperyans, ou gentan konnen ke ou dwe patisipe nan mwayen gras yo, tankou lapriyè, fè jèn, li epi medite sou pawòl Bondye, epi patisipe nan sèvis yo fè nan legliz la, avèk lòt yo.

Li ap enpòtan pou ou ede nouvo kwayan an Kris la pou li etabli kòm abitud yon tan pou lifè devosyon pèsònèl, yon fason pou li ka pase tan ak Jezi epi pou Jezi ka ba li manje espiyèl chak jou. Ou pral bezwen tou prezante Labib kòm gid yo pou yo ka kontinye devlope espiyèlman. Montre yo kòman pou yo chache pasaj nan Bib la.

Ti liv “Fason pou li Labib Chak Jou epi Aprann ladan” te ka ede ou nan travay sa a. Kòm ou konnen, gen plizyè vèsyon Labib ki kapab sèvi epi ke yon moun dwe sèvi pou li rann etid li ap fè sou Labib la rich. Men, pandan etid sa a, nou pral sèvi ak New International Version sof si nou pale de lòt vèsyon ke nou dwe sèvi.

3 Twazyèmman, leson ke nou prezante pandan rankont yo ak ti gwoup la enpòtan anpil. N'ap mande ou pou ou reyini ansanm ak nouvo konvèti a nan premye 48 è yo aprè li fin pran desizyon pou li suiv Kris. Premye bagay ou bezwen fè se chache dekouvri si moun nan pran desizyon an ak tout konsyans li pou suiv Jezi, epi si li gen konfyans ke peche li



padone. Sa a se pwen kote pou ou kòmanse yon fòmasyon de baz nan yon pwogram fè disip. Si se konsa sa ye, aprè sa ou ka kòmanse ak leson yo; si se pa konsa sa ye, ou dwe sèvi ak yon lòt metòd pou ou travay ak moun nan.

GID POU MENTÒ A

Gid etid sa a gen 12 leson ladan li: senk (5) premye yo pote non “Nouvo Lavi nan Kris la”, epi yo prezante kèk prensip jeneral sou fason moun kapab suiv Jezi fidèlman. Lòt sèt (7) leson yo pote non “Kle pou viv Lavi nan Kris la nan Labondans”, yo bay plis detay sou kòman ou ka kontinye mache ak Kris la. Genyen ladan tou sètifika pou ou bay nouvo konvèti a aprè li fin konplete chak nan etap yo. Nou konseye ou pou ou bay disip yo sètifika yo devan tout moun, pandan yon sèvis ap dewoule nan legliz la oubyen nan yon rankont espesyal kote ke tout legliz la gen posiblite pou selebre kwasans espirityèl nouvo manm sa yo nan fanmi Bondye a.

Nou mete ladan tou, batèm ak demann pou afilyasyon pou nouvo konvèti yo. Ou dwe ba yo oryantasyon epi ede yo lè yo gen bezwen èd.

Après sa, nou ba ou yon lis ki gen ladan materyèl pou sipò k'ap ede ou pou kèk nan sijè ki nan leson fondamantal sou pwogram fè disip la.

Pou kou “Nouvo Lavi nan Kris la”:

- Leson 1: Fason pou li Bib la chak jou epi aprann ladan li. Diksyonè pou nouvo konvèti yo
- Leson 2: Dekouvri kilès Jezi ye chak jou
- Leson 3: Kisa Nazareyen yo kwè
- Leson 4: Inite nan fanmi Bondye a

Pou kou “Kle pou yon Lavi Kreyèl nan Labondans” la:

- Leson 5: Kat (4) etap pou ou vin yon moun ki bay ladim ak kè kontan
- Leson 6: Ou pral resevwa pisans
- Leson 7: Pale de Kris la ak fanmi ou epi zanmi ou yo

Istwa ak ministè Legliz Nazareyen anjeneral

Mete sou resous sa a yo, nou genyen lòt ki deja la pou ede ou epi ede moun ke ou ap anseye kòm disip, pou yo kontinye grandi. Ou ka kontakte nou atravè.

Pandan ou kòmanse etid sa a, mete nan lespri ou ke sijè yo ki nan leson yo dwe adapte ak chak bezwen ke nouvo konvèti a genyen. Kòmanse nan nivo nouvo konvèti a ye a. Pou ou ka gide yo kòrèkteman, ou dwe dekouvri nan ki sitiyasyon y'ap viv. Kòman lavi yo te ye lè yo pat ko konn Kris la? Ki kalite relasyon yo te genyen ak madanm yo oubyen mari yo epi ak fanmi yo? Ki difikilte yo genyen? Ki bezwen moun nan ak fanmi li genyen ke legliz la ka satisfè? Lè ou kòmanse yon vwayaj nan aprantisaj ak nan grandi san kanpe antanke yon disip Jezi, ou pral resevwa yon seri prensip ak direksyon atravè Sentespri a pou ou ka jwi yon nouvo lavi ki gen labondans ladan.

Genyen kèk eleman pratik ke ou dwe panche sou yo pandan ou ap dirije leson yo ki nan etid bibliik sa a:

1. Lapriyè tout tan pou lavi nouvo disip sa a ak fanmi li yo. Mande yo si yo pa genyen bi lapriyè espesyal. Lapriyè tou pou tan ou pral pase nan aprantisaj leson yo, youn pa youn epi ansanm. Lapriyè pou Bondye fè limyè li a klere lespri ou epi ede ou konprann verite ki prezante nan chak leson.
2. Li epi revize “Gid pou disip la” avèk moun nan, konsa pou yo ka konprann relasyon ou epi avèk fason leson yo pral gen pou devlope. Chwazi yon jou nan semèn nan, yon tan espesyal ak yon kote pou nou rankontre. Chak sesyon dwe dire pa pliske 60 minit; 45 minit bon. Si ou pa gentan fini yon leson, kontinye sou li yon lòt fwa.
3. Ankouraje nouvo disip la pou li etidye epi konplete tout leson an avan



rankont la. Sa pral ede ou tire pifò avantaj nan tan nòminal ouap gen pou pase ansanm ak disip la. Ba yo yon leson chak fwa nou rankontre. Nou pa prese; ba yo tan pou yo dijere chak leson totalman. Etidye leson yo alavans, ranpli espas ki vid yo epi aprann sa ki anseye nan leson an avan ouale pataje li. Si moun nan gen pwoblèm pou li li oubyen ekri, chache yon lòt mwayen pou li, yon fason pou li ka pase leson yo.

4. Si disip la toujou bliye konplete leson li, pran pasyans ak li, men se pou ou toujou ankouraje li pou li fè li pou pwochen rankont ouap genyen avèk li a. Li enpòtan anpil pou nouvo konvèti a aprann bay rapò ak yon lòt moun; nan ka sa a, se ou menm li ap bay rapò a. Si pandan ouap revize leson an ou wè kèk erè ki glise, korije sa ak souplès epi tandè lide pa li a. Men, piga okenn sikonstans fè yo kontinye nan erè yo a.
5. Chache konnen si moun sa a ouap anseye a gen yon Bib epi, si se nesèsè, pran yon sesyon avèk li pou ou esplike kisa Bib la ye epi kijan moun chache vèsè ladan. Chache fè limyè sou nenpòt bagay moun nan ta mal konprann konsènan Bib la, epi ba yo libète pou yo di pwoblèm yo oubyen pou yo poze kesyon konsènan Bib la.
6. Ou pral gen pou ou montre nouvo disip la lapriyè. Li toujou bon pou ou kòmanse epi tèmine leson an ak lapriyè, bay posiblite pou nouvo kwayan fè pratik nan lapriyè nan prezans ou. Nan fason sa a ou pral kapab ankouraje yo kiltive yon lavi lapriyè epi sa pral ede ou tou pou korije avèk amou nenpòt bagay ki pa ta korèk nan lapriyè yo. Ou pral vle pou yo aprann kijan pou yo lapriyè yon fason ki kòrèk epi pèmèt lapriyè a tounen yon abitid pou lavi yo ke y'ap viv nan Kris la antyèman.

7. Chache konnen byen si nouvo kwayan an konplete tout aktivite ki nan chak leson; chache konnen si yo aprann pa kè vèsè yo ke yo bay kòm referans nan leson an epi gade si yo konprann nan nivo pou yo ka esplike yo nan langaj pa yo. Mande yo, pètèt lè leson an fini: Kijan ouap ka pratike sa ke ou aprann jodi a? Eske ou pral jwenn difikilte k'ap anpeche ou pratike prensip sa a yo nan lavi ou? Si li reponn wi, kijan ouap ka pote laviktwa sou difikilte sa a yo si Bondye, ansanm avèk mwen, ede ou?
8. Si gen lòt gid k'ap fòme lòt nouvo kwayan tou, nou ka fòme ti gwoup ansanm pou nou pataje youn oubyen plis leson, pou nou tandè temwayaj youn lòt, pou nou chache konnen youn lòt oubyen pou nou ka sèlman lapriyè youn pou lòt.
9. Li enpòtan anpil pou ou gen sans responsablite anvè moun ouap fòme a epi fòk ou toujou rive alè nan randevou yo. Respekte pwomès ou fè yo. Mete ou nan plas moun nan ke ouap anseye a; ba yo nimewo telefòn ou ak adrès ou, epi ak pa pastè legliz la tou. Atasyon ak fason ouap abiye ak fason ouap prezante devan moun ouap anseye yo, veye tou sou pawòl k'ap sòti nan bouch ou ak langaj ouap itilize.
10. Si ou rankontre yon sitiyasyon, yon kesyon oubyen yon bagay ke ou pa fin klè ladan, pale sou sa ak pastè ou la oubyen lidè ki responsab la. Kout ke kout, li enpòtan pou ou rankontre ak pastè ou la oubyen lidè ki responsab pwogram fè disip la regilyèman.

Ou sou wout pou ou kòmanse yon bèl esperyans lafwa avèk nouvo frè oubyen sè ou yo nan Kris la. Nou ankouraje ou pou ou kenbe fèm epi kite Bondye sèvi avèk ou ak anpil pisans. Mande Seyè a pou li ba ou gras li ak sajès li pou ou ka enfluyanse lavi nouvo frè ak sè ou yo, konsa

ansanm pou nou grandi nan eksperyans nou, nan konesans nou ak detèminasyon nou pou Kris la ak legliz li a. Travay avèk entansyon pou moun ouap fòme yo rive nan nivo pou yo ka anseye tou.

Ou dwe vin yon disip Kris la ki fidèl epi ki gen detèminasyon!

Sa a se travay ou pandan tout lavi ou!

Ministè fè Disip

Legliz Nazareyen • Rejyon Mesoamerica

GID POU DISIP LA

Nou bat yon gwo bravo pou ou paske ou pran desizyon ki pi enpòtan an nan lavi ou: kite Kris la padone ou epi pran kontwòl laviT ou!

Depi nan kòmansman lavi ou antanke kretyen, aksepte privilèj ak defi ki sou wout ou paske ou vin yon disip Kris la, yon moun k'ap suiv li, yon apranti epi yon moun k'ap chache kopye sou li. Depi kounye a epi pandan tout lavi ou, se sa ki dwe pi enpòtan: kite Jezi vin mèt ou toutbon vre. Aprann nan men Jezi atravè tout lavi ou, konsa pou ou ka vin pi sanble avèk li chak jou epi akonpli plan Bondye genyen pou lavi ou.

Jezi te di: “M’ap ba ou yon nouvo kòmandman jodi a: renmen youn lòt. Menm jan mwen renmen nou, se konsa tou nou dwe renmen youn lòt. Si nou fè li konsa moun pral konnen ke nou se disip mwen, si nou renmen youn lòt.” Jan 13:34-35

Pou ou aprann konsènan Jezi ou pral bezwen sipò ak oryantasyon nan men yon yon lòt disip Kris la ki te nan chemen aprantisaj la pi lontan pase ou, epi ki fè sa atravè yon gwoup disip ki rele legliz. Se poutèt sa ou gen yon moun pou gide ou. Nou rele li “frè” oubyen “sè”, akòz relasyon sere ki dwe genyen nan fanmi an avèk youn lòt. Ou dwe kontan

paske lè ou remèt lavi ou bay Jezi, ou vin fè pati fanmi sa a ki rele legliz la (pi lwen ou pral aprann plis konsènan sa).

Ou menm, antanke yon bebe espiritiyèl, ansanm avèk pwofesè ou la, nou pral travay pou nou grandi nan yon relasyon pèsònèl ki sere anpil avèk Bondye epi grandi tou nan konpreyansyon volonte Bondye pou lavi nou. Bondye se sous ki pap janm seche ke ou genyen pou ou kontinye grandi epi devlope espiritiyèlman nan tout lavi ou. Pou etid sa a, nou sèvi ak 2 metòd pou aprantisaj la: lapriyè ak lekti bibliik, Pawòl Bondye a. Ou dwe konnen yo epi antre yo nan lavi ou.

Pi gwo rezon ki fè se konsa nou fè aprantisaj la, se pou nou ka vin obeysan epi fidèl ak Mèt la, Jezikri, epi lè lanmou li motive nou, n’ap vin tounen sèvitè lòt yo. Ou pral bezwen kontinye grandi pou ou ka patisipe nan lavi legliz la, epi pran desizyon pou n’ grandi nan remèt lavi nou totalman bay Jezi. Nan sans sa a, ou pral kite Bondye kontinye chanje ou, epi ou pral kapab devlope totalman jiskaske ou kapab gide lòt moun nan mach yo ak Kris la.

Etidye se yon metòd ki gen anpil fòs pou rive grandi tout tan epi genyen matirite tou antanke yon disip Jezi. Kòmnanse abitye ak sa epi pran plezi ou nan pase tan, nan livre tèt ou nèt pou ou etidye. Etid sa a te prepare antanke yon zouti fondamantal ki pou motive ou aprann konsènan sa Kris la fè pou ou epi sa li vle fè nan ou epi atravè lavi ou.

Gid etid sa a gen 12 leson ladan: senk premye yo pote non “Nouvo Lavi nan Kris la”, epi yo prezante kèk prensip jeneral sou fason moun ka suiv Jezi fidèlman. Lòt sèt (7) leson yo pote non “Kle pou viv Lavi nan Kris la nan Labondans”, yo bay plis detay sou kòmnan ou ka kontinye mache ak Kris la. Ou dwe pran angajman pou konplete tout leson yo yon fason pou ou ka aprann nenpòt kantite bagay ou vle aprann konsènan Kris la epi etabli yon



fondasyon solid pou tout bagay ke Bondye te planifye pou ou.

Gid ou a, pwofesè ou la pral mache bò kote ou pandan ou pral antre nan pwogram sa a. Ou ka poze gid ou a, pwofesè ou la kesyon, fè li konnen dout ou yo ak bezwen ou yo. Leson yo baze sou diferan pasaj nan Bib la ke ouap bezwen li, aprè sa ranpli espas vid yo selon sa ou te aprann nan pasaj bibliik yo. Pou ou fè travay sa a, li enpòtan anpil pou ou genyen yon Bib epi pou ou aprann kijan pou sèvi avèk li. Ou ka sèvi ak diferan vèsyon bib, men nou pral sèvi ak Nouvo Vèsyon Entènasyonal “New International Version” (NIV). Gid ou a pral ede ou nan sa. Anpil nan leson yo pral genyen vèsè pou ou aprann pakè ak aktivite pou ou fè. Li enpòtan anpil pou ou fè tout egzèsis sa a yo, paske yo pral anrichi aprantisaj pratik ou.

Pou ou ka kontinye grandi nan Kris la ou dwe chwazi yon tan chak semèn pou ou rankontre ak gid ou a epi remèt tèt ou pou travay enpòtan sa a. Chwazi yon jou ak yon lè k’ap bon pou ou pou aprantisaj la. Chwazi yon kote ki pa genyen bri pou n’ rankontre epi yon kote ouap santi ke ou alèz pou ou pale ak gid ou a, pwofesè ou la. Mete fanmi ou okouran de sa pou yo ka pa entèwonp ou, sof si gen yon ijans. Ou pral bezwen etidye

epi konplete leson ou yo avan rankont lan.

Ekri kesyon ou yo ak dout ou yo nan yon kaye. Gid ou a pral pase sou tout leson an avèk ou. Anplis de sa, pwogram sa a dwe santre sou lapriyè. Mande Bondye pou li ba ou sajès ou bezwen pou ou aprann verite espiritiyèl yo ki fondamantal pou nouvo lavi ou pral viv nan Kris la.

Ou sou wout pou ou ale kòmanse yon bèl eksperyans lafwa avèk frè ou yo epi sè ou yo nan Kris la. Nou ankouraje ou pou ou kenbe fèm. Kite Bondye kontinye ba ou fòm. Pataje sa ou aprann yo ak fanmi ou, zanmi ou epi zanmi lekòl ak moun ou konnen nan travay ou. Nan fason sa a ou pral enfluyanse lòt moun avèk pawòl Bondye epi aprantisaj ou a pral ogmante.

Ou dwe yon disip Kris ki fidèl epi ki remèt tèt li nèt!

Sa a se travay nou gen pou n’ fè pandan tout lavi!

Ministè fè Disip

Legliz Nazareyen • Rejyon Mesoamerica



NOUVO LAVI NAN KRIS LA - 1

Yo prepare leson biblik sa a yo pou ou menm ki resevwa nouvo lavi a nan Kris la, pou ede ou nan premye etap yo ki nan lavi kreyen nan. Men avan ou kontinye, li fraz sa a yo byen fò:

Byenvini nan fanmi Bondye a!

Premye leson an pral ede ou konprann nouvo lavi ke Kris la ba ou a. Nan lòt leson ou pral jwenn aprè yo, ou pral aprann grandi nan nouvo relasyon ou genyen ak Bondye atravè lapriyè ak lekti biblik. Ou pral kapab dekouvri tou plan mèveye ke Bondye genyen pou ou epi kijan ou kapab vin tounen yon moun k'ap suiv Jezi ki se pèsanaj ki aktif nan legliz li a, epi nan sans sa a, li akonpli objektif li pou limanite.

Pou konplete leson yo, ou pral bezwen yon bib ak yon plim.

Antanke yon nouvo kreyasyon nan Kris la, ou bezwen aprann kijan pou ou viv tankou pitit Bondye.. Genyen sis (6) pratik ki ka fè yo konnen yon moun se Kreyen:

Moun k'ap suiv Jezi: Lapriyè • Grandi nan li labib chak jou • Adore Bondye nan kominote avèk pèp Bondye a • Obeyi Bondye • Pale ak lòt moun konsènan Jezi • Sèvi Bondye ak lavi yo

Kris la ba ou yon nouvo lavi! Kounye a...

1. Ou se yon nouvo kreyasyon

selon 2 Korentyen 5:17-18, kilès ki nouvo kreyasyon an? _____

Kisa ki rive “bagay ansyen yo”? _____

Kilès ki pèmèt tout sa fèt? _____

Panse ak eksperyans Sali ou epi reponn kesyon sa a yo:

Kisa ki bagay “ansyen” yo nan lavi ou ki pase a? _____

Ki bagay sa a yo Bondye fè tounen nouvo nan lavi ou? _____

Jan 1:12 di ke tout moun ki resevwa li vin tounen.... _____



2. Ou genyen yon nouvo sekirite

Kounye a ou genyen yon pèsònaj k'ap viv nan ou, paske ou envite li viv nan kè ou. Ou pa poukont ou ankò. Kilès ki avèk ou, selon Jan 14:23? _____

Selon 1 Jan 5:13, kisa ou ka gen asirans de li kounye a? _____

Si ou mouri nan kèk èd tan k'ap vini la a yo ki kote labib di ke ou prale selon Jan 14:1-3? _____

3. Pran plezi ou nan nouvo relasyon yo

Lavi kreyen nan pa yon vi moun ka mennen pou kont ou. Gen moun ki pè pèdi zanmi yo ak lòt moun ke yo renmen akòz desizyon yo pran pou suiv Kris la. Menm si sa ka rive nan kèk ka, labib ak eksperyans ke plizyè milyon kreyen montre ke lè Jezi nan lavi ou, li ranpli ou avèk Lespri lanmou li a. Sa ap reflète nan tout relasyon ou yo.

Jan 14:15-17 di ke Kreyen yo genyen prezans Bondye nan lavi yo tout tan. Aprè ou fin li pasaj sa a, reponn kesyon sa a yo:

Kilès Papa a voye pou rete ak pitit li yo tout tan? _____

Nan ki moun Sentespri a ka abite? _____

Nan ki moun Sentespri a pa ka abite? _____

Lè ou li Jan 15:11-16, ou pral dekouvri ke aprè Bondye, kounye a ou vin gen plis zanmi.

Kreyen yo genyen yon nouvo fanmi nan Bondye ki elaji (vèsè 12): _____

Kreyen yo genyen pi bon zanmi ke okenn moun pa janm genyen (vèsè 14): _____

Kreyen ki renmen Jezi pral fè tout sa yo konnen pou yo... (vèsè 16): _____

Bondye pa vle pou ou separe ou de fanmi ou ak zanmi ke ou te genyen. Jezi vle pou moun sa a yo wè nan ou nouvo lavi ke Bondye ba ou a.

4. Ou fè eksperyans yon nouvo kwasans

Jezi mouri pou li ba ou yon nouvo lavi, yon nouvo relasyon avèk Bondye epi avèk lòt moun, epi pou Sentespri a ka gide ou etap aprè etap nan grandi ouap grandi a. Li Lik 14:25-33, ki kote Jezi pale konsènan fason disip yo dwe grandi. Selon pasaj la:

Eske lè yon moun ap suiv Jezi li gen yon pri pou li peye pou sa? _____

Selon vèsè 27 ak 33, ki twa (3) etap ke disip Jezi yo dwe pase? _____

Selon vèsè 28-32, ak kisa Jezi konpare kwasans nan lavi Kreyen an? _____

Si ouap konstwi yon gwo kay byen wo oubyen ouap dirije yon lame, ki premye bagay ki dwe fèt pou travay la pa echwe? _____



Pou ou grandi antanke yon moun k'ap suiv Kris la ou dwe gen volonte pou ou abandone tout sa ou ye, tout sa ou posede ak tout avni ou nan men li. Si ou vle kontinye disip li, remèt li tout bagay nan lapriyè.



NOUVO LAVI NAN KRIS LA - 2

Leson sa a pral anseye sou fason Kretyen yo grandi nan relasyon yo avèk Bondye atravè lapriyè ak lekti bibliik. Nan leson sa a, ou pral jwenn repons pou kesyon sa a yo, ki menm jan pou tout nouvo kwayan k'ap suiv Kris la:

Pou kisa Kretyen yo lapriyè?

Kijan mwen dwe lapriyè antanke yon disip Jezi ki fidèl?

Eske Jezi te konn lapriyè lè li te sou latè?

Eske Bondye tandè mwen lè m' lapriyè li?

Pou kisa mwen dwe li labib chak jou?

Kijan mwen ka kòmanse li labib?

Ann sonje sis (6) pratik yo ki fè moun konnen disip Jezi yo: Lapriyè • Grandi chak jou nan lekti bibliik
• Adore Bondye nan kominote avèk pèp Bondye a • Obeyi Bondye • Pale ak lòt moun konsènan Jezi
• Sèvi Bondye ak lavi yo

Kris ap fè ou antre nan yon nouvo relasyon ak Bondye!

1. Lapriyè

“Rele m' epi m'ap reponn ou epi m'ap anonse ou gwo bagay, bagay ki kache, bagay ke ou pa konnen” (Jeremi 33:3).

Labib anseye nou ke Bondye vle tandè epi ede pitit li yo. Kounye a ou se pitit Bondye, li vle pou ou di li tout sa ki nan ou. Ou lib pou ou vin devan Bondye epi pale ak li konsènan rèv ou yo, objektif ou yo ak bezwen ou yo. Eskè ou konnen kijan pou prezante bezwen ou yo bay kreyatè linivè a? Jezi te konprann, pi byen pase nenpòt lòt moun, pasyans Bondye epi yon kè lanmou lè li ap tandè pitit li yo. Li te toujou ale nan yon kwen poukont li pou li ka pase yon tan an prive nan lapriyè ak Bondye. A ki lè Jezi te reveye pou li lapriyè, selon Mak 1:35?

Disip yo te temwen sajès, fòs ak pisans ke Jezi te resevwa atravè lapriyè. Gen yon lè yo te mande Jezi pou li montre yo lapriyè (Lik 11:1). Jezi te ba yo enstriksyon yo konsènan lapriyè nou jwenn nan Matye 6:5-13. Li pasaj sa a epi reponn kesyon sa a:

Ki lapriyè Bondye koute (vèsè 7,8)? _____

Nan modèl sa a ke Jezi te ban nou an, nou kapab jwenn kèk objektif fondamantal ki fòme bi lapriyè nou:

A. POU ADORE EPI DI MÈSI. Adore Bondye vle di rekonèt grandè li ak glwa li. Nou kapab wè sa nan vèsè 9 ak 13. Kisa Jezi declare nan kòmansman ak nan finisman lapriyè li a? _____



Gratitud (renmen di mès) gen yon rapò sere ak adorasyon. Jezi te anseye ke pitit Bondye yo dwe renmen di mès pou tout bagay yo resevwa nan men papa yo ki nan syèl la. Se pa sèlman bagay materyel, men tou, zanmi, fanmi, travay, repo ak tout lòt bagay yo resevwa chak jou nan men Bondye.

B. MANDE SELON VOLONTE BONDYÈ. Lè Kreyen yo lapriyè, yo demontre ke yo vle viv prè Bondye, yo vle konnen volonte li pou lavi yo. Atravè lapriyè, yo ka rive konnen papa yo ki nan syèl la pi plis toutjou, yo ka grandi nan lanmou yo genyen pou li chak jou pi plis. Yon kwayan ki pa lapriyè chak jou ka vin dekouraje pa twò lontan epi li ap vin fèb; Kreyen konsa pap ka rive pote viktwa sou difikilte ak tantasyon yo. Poutèt sa, genyen anpil ki tonbe sou wout lavi kreyèn nan. Kisa Jezi te mande nan lapriyè li a, nan vèsè 11-13? _____

Eskè demand Jezi yo te egoyis epi konsantre sou dezi pèsònèl li yo sèlman? _____

Nan menm sans la tou, kwayan an dwe chache pou Bondye gide li chak jou nan lapriyè, pou li fè volonte li tout tan (vèsè 10). Kwayan an gen privilèj tou pou li entèsede pou lòt moun. Pou kilès Efezyen 6:18-20 ak 1 Timote 2:1-2 di ke nou dwe sonje lapriyè? _____

C. KONFESE PECHE YO EPI RESEVWA PADON NAN MEN BONDYÈ. Mo “peche” fè referans ak yon seri aksyon, pawòl, pansè oubyen dezi ki andeyò lalwa Bondye ke tout moun konnen. Lè yon moun peche, li ofanse Bondye epi li kraze relasyon li ak Bondye. Moun sa a bezwen mande Bondye padon nan lapriyè. Jezi te anseye ke pitit Bondye yo dwe gen mizerikòd epi pou yo padone moun ki fè yo mal, moun ki ofanse yo.

Selon Matye 6:12, ki relasyon ki genyen ant fason yon moun trete yon lòt moun ki ofanse li ak padon yo vle resevwa nan men Bondye? Selon Matye 5:44-45, Kisa Bondye ap tann nan men pitit li yo nan relasyon yo ak lòt moun? _____

2. Labib

Kisa Pawòl Bondye di konsènan tèt pa li nan 2 Timote 3:16? _____

Pou kilès Pawòl Bondye a ye, selon Matye 4:4? Tcheke repons ki kòrèk yo:

___ Pou ekspè yo. ___ Pou predikatè yo. ___ Pou kwayan yo. _____ Pou tout moun – gason ak fanm.

Nan pasaj sa a yo ou pral dekouvri kijan lè ou li pawòl Bondye sa pral ede ou grandi chak jou nan lavi kreyèn ou:

Sòm 119:11 _____

Jan 15:3 _____

Travay 20:32 _____ 2 Timote 3:15 _____

Yon kwayan dwe pase tan pou kont li ak Bondye. Kòmanse mete yon tan apa chak jou pou ou nourri lavi ou avèk pawòl Bondye. Sa toujou fè referans ak yon tan devosyon.

- Li avèk swen pandan 5 pou rive 10 minit. Kòmanse ak Levanjil selon Lik.
- Medite sou kòman ke sa ou li a gen rapò ak fason ouap viv kounye a. Pandan ouap li, ou pral rankontre ak pwomès ki sòti nan Bondye pou lavi ou, kòmandman pou ou obeyi, peche ke ou dwe mande padon pou yo ak ansèyman ki konsène sa Bondye ap tann de ou.



- Lapriyè selon sa Bondye di ou atravè pawòl li. Pa bliye objektif lapriyè yo ke ou te etidye nan leson sa a: adorasyon, di mèsi, lapriyè pou bezwen ou yo ak bezwen lòt moun, konfese peche ou yo epi mande padon.



NOUVO LAVI NAN KRIS LA - 3

Leson sa a pral anseye ou ke Bondye genyen yon plan mèveye pou lavi ou konsa li vle gide ou etap aprè etap pandan li ap akonpli plan an. Nan leson sa a, ou pral jwenn repons pou kesyon sa a yo, ki menm jan pou tout nouvo kwayan ki deside suiv Kris la:

Kisa Bondye ap tann de mwen?

Kijan Kretyen yo sèvi Bondye?

Kijan mwen ka ede fanmi mwen ak zanmi mwen yo konnen Jezi?

Ann sonje sis (6) pratik yo ki fè moun konnen disip Jezi yo: Lapriyè • Grandi chak jou nan lekti bibliik
• *Adore Bondye nan kominote avèk pèp Bondye a* • *Obeyi Bondye* • *Pale ak lòt moun konsènan Jezi*
• *Sèvi Bondye ak lavi yo*

Bondye genyen yon plan mèveye pou lavi ou!

“Nou lapriyè konsa pou ou ka mache yon fason ki konfòm ak Seyè a epi pou ou fè li plezi nan tout bagay: pou ou bay bon donn nan tout kalite travay, pou ou grandi nan konesans pawòl Bondye” (Kolosyen 1:10).

1. Bondye krewe ou pou yon bi byen determine

Kisa ki te objektif Bondye lè li te krewe lòm, selon Jenèz 1:26-31? _____

Adan ak Ev te dezobeyi Bondye epi yo vin separe tèt yo ak plan Bondye te genyen pou lavi yo; separasyon sa a afekte desandan yo, ak nou menm tou. Ansyen Testaman an prezante nou yon Bondye k'ap mache chache moun ak yon pèp pou demere nan plan li a. Li voye Jezikri pou gide moun fè yo retounen nan premye plan Bondye te genyen an. Jezi prezante sa nan parabòl li bay konsènan moun k'ap simen an.

2. Bondye vle pou li se kiltivatè lavi ou

Li Mak 4:1-20 epi reponn kesyon sa a yo:

Kisa semans la reprezante (vèsè 14)? _____

Kisa ki anpeche plant la pouse rasin (vèsè 15-16)? _____

Kisa ki rive plant ki pa tonbe nan bon tè a (vèsè 15-19)? _____

Lè plant la tonbe nan bon tè, kisa ki rive (vèsè 20)? _____

Kisa ou konprann konsènan “bay donn”? _____



Ki kantite donn ou panse ke ou ka bay? _____

3. Bondye ba ou yon nouvo lavi pou ou ka donnen

Semans Pawòl Bondye a plante nan kè ou. Li pral kòmanse pote chanjman ki nesèsè pou lavi ou ka fè Bondye plis plezi. Aprè ou fin li Lik 3:10-14, fè yon lis ki gen ladan donn ke Bondye pral pwodui nan lavi ou. _____

Selon Matye 7:17, ki kalite donn Jezi ap tann Kreyen yo bay? _____

Kisa ou ka fè pou zanmi ou yo ak fanmi ou rive konnen ke kounye a ou se yon moun k'ap suiv Jezi? _____

4. Donn Bondye vle ki pou donnen nan pitit li yo se yon donn etènèl

Tout bagay nan lavi sa a gen yon egzistans ki limite, egzanp: konstwi yon kay, plante yon pye bwa, ekri yon liv, fè yon pitit, genyen yon relasyon maryaj ki mèveye, genyen anpil talan nan zafè atizana, espò oubyen pwofesyon, elatriye. Sèl moun ki ka ba ou yon bagay ki pap janm sispann egziste aprè lanmò se Jezi. Lavi li ba ou la se yon lavi etènèl epi kounye a li vle sèvi avèk ou konsa pou lòt yo ka genyen menm lavi etènèl sa a tou. Li Jan 15:12-17 epi reponn kesyon sa a yo:

Ki gwo kòmandman Jezi kite pou moun k'ap suiv li yo (vèsè 12)? _____

Ki pi bon mwayen ki genyen pou nou manifeste lanmou anvè zanmi nou yo (vèsè 13)? _____

Ki egzanp Jezi te bay ki gen relasyon ak “bay lavi pou lòt yo ka jwenn lavi etènèl”? _____

Nan vèsè 14 ak 16 Jezi mande disip li yo pou yo fè yon efò pou yo bay donn. Youn nan fason ke yo fè sa se nan pataje lavi etènèl yo te resevwa ak lòt yo. Eskè yo te gen chwa oubyen èske se yon komandman? _____

Ki pwomès ou ka jwenn nan vèsè 16 la pou sila a yo k'ap lapriyè pou zanmi yo jwenn Sali a? _____

Ekri non kèk nan zanmi ou yo ki bezwen konnen Jezi: _____

Ou ka ede yo genyen lavi etènèl pandan ou ap fè bagay sa a yo:

- Lapriyè pou yo gen dezi tande pawòl Bondye.
- Pale ak yo konsènan sa Bondye fè nan lavi ou (fason lavi ou te ye avan, kijan ou te rive konnen Kris la, epi kisa Kris la ye pou ou kounye a).
- Envite yo nan rankont ti gwoup ou a oubyen nan legliz lokal la, oubyen planifye yon dat pou yo vini epi tande levanjil lakay ou.



NOUVO LAVI NAN KRIS LA - 4

Leson sa a pral ede ou konprann kisa legliz la ye epi pou kisa Kretyen yo rasanble pou yo adore epi kominye avèk pèp Bondye a. Ou pral jwenn repons kesyon sa a yo, ki se menm pou tout moun ki deside suiv Jezi:

Kisa legliz la ye?

Pou kisa Kretyen yo rasanble ansanm?

Pou kisa inite nesèsè nan legliz la?

Kisa ki misyon legliz la?

Ann sonje sis (6) pratik yo ki fè moun konnen disip Jezi yo: Lapriyè • Grandi chak jou nan lekti bibliik

- Adore Bondye nan kominote avèk pèp Bondye a • Obeyi Bondye • Pale ak lòt moun konsènan Jezi
- Sèvi Bondye ak lavi yo

Kris la vle fè ou yon pati nan legliz li a!

Mo legliz literalman vle di “asanble” epi li parèt 109 fwa nan nouvo testaman an, pi fò nan lèt Pòl yo. Sèlman nan 17 nan tout pasaj sa a yo mo legliz la vle di pèp Bondye; nan rès pasaj yo, mo sa a dekri yon kongregasyon lokal ki gen disip yo ladan.

1. Nati legliz la

Sou kilès legliz la fonde, selon Matye 16:16-18? _____

Li 1 Pyè 2:9. Kijan Pyè dekri Kretyen yo?

a. _____ c. _____

b. _____ d. _____

Mo sa a yo dekri kisa legliz la ye epi kisa yo siyifi:

- Pèp chwazi: fanmi, ras, desandan.
- Sasèdòs wayal: prèt k’ap sèvi devan Wadèwa a (Jezi).
- Nasyon sen: yon pèp ki pwòp ki pa gen peche nan li epi k’ap viv selon volonte Bondye.
- Yon pèp ki pou Bondye: pèp Bondye ke li te achte avèk san Jezi.

Pou kisa Bondye te kreye legliz li, selon 1 Pyè 2:9b? _____

Selon 1 Korentyen 12:27 ak Efezyen 5:23, ki kalite relasyon Kris la genyen ak legliz la? _____



Li Efezyen 5:25-27 epi sèvi ak mo pa ou pou ou esplike: Ki enpòtans legliz la genyen nan je Bondye epi kijan li montre sa? _____

2. Inite legliz la

Nan Jan 17 nou ka li lapriyè Jezi te fè pou tout disip li yo avan li te bay lavi li sou lakwa pou yo. Li vèsè 20-23. Pou kilès Jezi te lapriyè Papa a? _____

Eske Jezi te lapriyè pou ou tou? _____

Kisa Jezi te mande Papa a pou disip li yo? _____

Pou kisa li enpòtan pou Kreyen yo rasanble ansanm pou yo devlope lyen zanmitay? _____

Li Travay 2:43-47. Eske li posib pou vin disip Jezi san ke ou pa fè pati legliz li? Wi Non
Ki kote premye Kreyen yo te konn reyini? _____

Pou kisa yo te konn reyini? _____

Kisa ki te pase lè Kreyen yo te konn reyini ansanm? _____

Li pasaj sa a yo pou ou ka jwenn plis rezon toujou ki fè Kreyen yo dwe reyini:

Efezyen 5:18-20 _____

Travay 1:14 and 12:5 _____ Travay 2:44-45

3. Misyon legliz la

Misyon legliz kreyèn nan se “rezon ki fè li egziste” nan mond la. Misyon legliz la se menm misyon ke Jezi te genyen nan minister li sou latè. Kounye a li pataje li avèk nou; nou se legliz li nan tan pa nou an, nenpòt kote nou ye.

Gen 2 pasaj kle nan Nouvo Testaman an ki rezime misyon Jezi genyen pou legliz li a nan mond la. Ki misyon legliz la, selon Matye 28:19-20? _____

Travay 1:8? _____

Selon Travay 1:8, kisa nou dwe resevwa avan nou akonpli misyon nou antanke yon legliz? _____

Pandan ministè li avèk 12 disip li yo, Jezi t'ap anseye epi òganize legliz la pou yo nan plizyè fason diferan. Selon pasaj sa a yo, ki misyon legliz la, ki misyon chak kongregasyon nan mond la?

Matye 5:13-16 _____

Jan 15:1-5 _____



Finalman, nou aprann konsènan misyon legliz la anmenm tan nou wè kijan Kretyen yo te devlope ministè yo. Selon Travay 2:42, ki objektif ki te fè pati misyon yo antanke nouvo legliz? Nan kisa yo te pèsevere? _____

Selon 2 Korentyen 5:18-20, ki misyon legliz la? _____

Ak kisa Pòl konpare nou nan vèsè 20 an? _____

Misyon legliz la se vin yon kalite legliz ke Bondye ka itilize pou li kapte lòt moun pou wayòm li a. Nou dwe fidèl antanke disip Kris la nan misyon legliz la epi nou dwe patisipe nan lavi li ak misyon li. Ala yon gwo privilèj nou genyen pou n' yon manm aktif nan bagay Bondye vle fè anndan legliz la epi atravè legliz li nan mond la!



NOUVO LAVI NAN KRIS LA - 5

Leson sa a pral ede ou konprann enpòtans sakreman legliz la tout tan w'ap grandi espiyèlman. Kèk nan kesyon leson sa a pral ede ou reponn se:

Kisa yon sakreman ye?

Pou kisa nou selebre 2 sakreman?

Kisa batèm ye epi ki plas li okipe nan angajman mwen pran pou Kris la epi legliz la?

Kisa repa Seyè a ye?

Ann sonje sis (6) pratik yo ki fè maun kannen disip Jezi yo: Lapriyè • Grandi chak jou nan lekti bibliik • Adore Bondye nan kominote avèk pèp Bondye a • Obeyi Bondye • Pale ak lòt maun konsènan Jezi • Sèvi Bondye ak lavi yo

Kris la envite ou pou ou vin yon patisipan aktif nan sakreman li yo!

Sakreman yo se senbòl ke Jezi li menm mete kòm pratik ki fè pati lavi legliz la, epi li menm tou te patisipe ladan yo tou pandan ministè li sou latè. Poutèt sa, nou obsève 2 sakreman sèlman: batèm ak repa Seyè a.

Li Matye 3:13-17. Kilès ki resevwa batèm nan pasaj sa a? _____

Kisa ki te pase epi kisa vwa ki te pale nan syèl la te di kou batèm nan te fin fèt? _____

Nan Lik 22:14-16, kilès ki te dirije repa sa a? _____

Ki lòt moun ki te patisipe nan repa sa epi ki mesaj ki te bay nan kòmansman repa a? _____

Li enpòtan anpil pou ou patisipe nan sakreman sa a yo pou ou ka grandi espiyèlman, paske atravè sakreman sa a yo nou vin fè yon sèl antanke legliz, nou resevwa gras nan men Bondye epi nou vin temwen lanmou Bondye devan mond la.

Nou patisipe nan sakreman yo nan legliz la, ke yon paste oubyen yon minis ki kalifye dirije. Repa Seyè a ka selebre kantite fwa nou vle.

1. Batèm nan Dlo

Batèm nan dlo se yon seremoni inisasyon epi se yon temwayaj piblik ki montre ke peche nou padone. Nou di ke nou mouri epi nou vivan avèk Kris la (Women 6:3-5).

Kisa Matye 28:19 di konsènan batèm? _____

Gade byen ouap wè ke se yon lòd, yon kòmmandman ki sòti dirèk nan bouch Jezi, se pa yon konsèy. Selon Travay 2:38, ki kondisyon ki te genyen pou yon moun batize? _____



Selon Travay 8:36-38, kisa Filip te egzije Enik Etyopyen an avan li te batize li? _____

Kisa Pyè te fè avèk nouvo kwayan Sezare yo, selon Travay 10:47-48? _____

Après batèm Lidi a ak fanmi li, kisa li te mande Pòl ak moun ki t'ap mache ak Pòl yo, selon Travay 16:14-15? Nan Travay 18:8, kisa kite pase moun yo après yo te fin kwè? _____

Mo batèm nan literalman siyifi sibmèje, imèje, pirifye, rejenere, awoze, netwaye. Nou ka dekouvri pou pi piti 3 fòm batèm diferan nan Nouvo Testaman an: imèsyon (plonje totalman nan dlo), awoze (vide dlo sou moun nan) ak efizyon (vide dlo sou tèt moun nan). Kilès nan twa fòm sa a yo ke yo te petèt itilize nan ka sa a yo?

Mak 1:9-11 _____

Travay 9:17-18 _____

Travay 16:29-33 _____

Finalman, a ki lòt batèm batèm nan dlo a fè referans la a, selon Matye 3:11 epi Travay 1:5? _____

2. Repa Seyè a

Se Jezi limenm ki te mete soupye repa Seyè a epi se yon seremoni kominyon ak rapèl san rete pou disip li yo. Nou ka wè kèk nan eleman enpòtan ki fè pati repa Seyè a nan pasaj sa a yo:

Selon Matye 26:26-28, kisa pen an ak gode a senbolize? _____

Selon 1 Korentyen 11:26, lè nou pran eleman sa a yo ki fè pati repa Seyè a, kisa nou fè, epi n'ap fè sa pou rive jouk kilè? _____

Mak 14:24 montre ke gode a, ki senbolize san Kris la sou lakwa a, fè nou patisipe nan: _____

Nouvo kontra a pale konsènan yon nouvo relasyon ke nou ka genyen kounye a ak Bondye atravè lanmò ak rezirèksyon Kris la, yon relasyon lanmou sere antanke pitit Bondye.

Kisa Jezi te fè kou li te fin pran pen an ak gode a, selon Lik 22:17-19? _____

Ki esperans bagay k'ap vini ke Lik 22:18 ba noun an repa Seyè a? _____

Menm jan ak Lik 22:19, 1 Korentyen 11:24-25 kòmande nou lè n'ap selebre repa Seyè pou nou fè sa nan _____

Lè n'ap patisipe nan repa Seyè a pandan n'ap sonje li montre ke nou dakò ke Seyè a ap mete lavi nan eksperyans sa a avèk disip li yo, li fè tèt li prezan, se pa nan eleman an yo men nan legliz la.

Finalman, ki opòtinite repa Seyè a ba nou pou kwasans epirityèl nou selon jan li prezante nan 1 Korentyen 11:28 ak 31? _____



Si ou resevwa padon pou peche ou, li enpòtan anpil pou ou ranpli fòm demand batèm nan pa twò lontan epi remèt li bay paste ou la pou ou ka batize. Nan menm sans la, nou ankouraje ou pou ou patisipe avèk plis devouman nan repa Seyè a chak fwa yo selebre li.



KLE POU YON LAVI KRETYÈN NAN LABONDANS - 1

Disip Kris la!

Leson sa a pral

...ede ou konprann ke apèl Jezi fè pou moun lanse yo nan pwogram fè disip la se pou tout moun.

...ba ou yon pi gwo vizyon sou kisa zafè fè disip pou Jezi a gen ladan.

...pouse ou pran yon angajman pi solid avèk Jezi, pandan ouap aksepte li kòm Mèt ou epi modèl lavi ou.

Pou aprann pa kè: *“Se pou sa menm yo te rele ou, paske Kris la te soufri pou ou, li kite yon egzanp pou ou, konsa pou ou suiv tras li yo”* 1 Pyè 2:21

Suiv Kris la!

1. Suiv li vle di konnen li

Jodi a gen anpil konfizyon konsènan kilès Jezi reyèlman ye ou te ye. Sila a yo ki bay tèt yo non anseyan oubyen “moun ki resevwa limiyè” deklare ke Jezi te yon bon gid pou moun nan tan pa li, men kounye a gen lòt anseyan, ki menm jan ak li, ke dye yo voye pou montre gason ak fanm fason yo ka vin siperyè. Yo di ke genyen anpil mwayen moun ka pase pou ou rive konnen Bondye epi pou jwenn Sali espirityèl etènèl la.

Men, labib di ke genyen yon sèl moun ke Bondye te voye kòm mediatè epi gid pou limanite. Kilès moun sa a ye, selon 1 Timote 2:5? _____

Ki sèl fondasyon ke Bondye chwazi pou lavi kretyèn nan selon 1 Korentyen 3:11? _____

Pou kisa se sou Jezi sèlman kòm wòch solid ke lavi kretyèn nan ka konstwi, selon Matye 16:13-18 ak Ebre 9:14-15? _____

Ki kalite sekirite yon Kretyen, ki mete lafwa li nan Kris la kòm wòch solid, genyen? Travay 4:11-12 _____

Labib di ke Jezi te sèl moun ke Bondye te voye pou ede moun viv lavi yo selon volonte Kreyatè a.

2. Suiv li vle di Obeyi li

Ki apèl komen ke Jezi fè ak tout moun:

Matye 8:22; 9:9? _____

Lik 9:59; 18:22? _____

Jan 1:43? _____



Kijan Jezi te demontre ke li gen otorite sou lanati a?

Matye 8:26-27 _____

Mak 1:27 _____

Selon Jan 1:1-18, kisa ki te fè Jezi genyen pouvwa sa a? _____

Ki envitasyon Jezi te bay sila a yo ki te kwè nan li, selon pasaj sa a yo: Matye 10:37-38, Lik 14:26, epi Jan 7:37? _____

Envitasyon Jezi a, “vin jwenn mwen,” se yon apèl pou tout moun ki kwè nan li pou yo vin disip li. Kisa sa vle di disip Jezi selon Jan 8:31? _____

Lòt fason ou ka defini sa yon disip Jezi ye, sèke lè ou se yon disip ou gen volonte pou ou imite epi aprann nan men li, aplike ansèyman li yo nan tout domèn lavi ou. Depi ou se yon Kreyen ou se yon disip Jezi. Eske li posib pou yon moun yon Kreyen toutbon san ke li pa yon disip Jezi? _____

Selon Lik 6:46, èske li posib pou yon moun yon Kreyen toutbon san li pa fè sa Jezi mande li pou li fè? _____

4. Suiv li vle di ou dakò pou ou kite tout bagay

Ki egzanzp moun ke ou ka bay ki te abandone kèk bagay pou li ka reyisi yon objektif nan lavi yo? _____

Nan 2 Timote 2:1-5, Pòl konpare yon Kreyen ak yon bon sòlda ak yon atlèt ki antrene tèt li di pou li ka fè pati chanpyon yo. Ki Kreyen ki atenn objektif oubyen pri lavi etènèl la? _____

Jezi itilize yon egzanzp klè nan tan pa li a pou ede sila a yo ki te vle vin disip li pou yo konprann ke yo dwe gen volonte pou yo peye pri a. Ki konparezon ke li itilize selon Lik 9:23? _____

Krisifye sou lakwa se te yon fason Jezi te anseye ke lavi Kreyèn la mande sakrifis. Lakwa te reprezante soufrans ak lanmò fizik. Lakwa se te pri ke Jezi te konsanti peyi pou li ka sove nou.

3. Suiv li vle di imite li

Jezi pat eseye fè disip li yo pratike yon nouvo relijyon ki baze sou rityèl, seremoni ak règleman. Disip yo te rive dekouvri etap aprè etap ke Jezi te mennen yon lavi ki te toujou konfòm ak volonte Bondye. Kisa ki te priyorite Jezi nan lavi li selon Jan 6:38-40? _____

Selon Jan 13:14-15, kisa Jezi di ki dwe priyorite nan lavi disip li yo? _____

4. Swiv li vle di ou dakò pou w kite tout bagay

Ki egzanzp ou ka bay de moun ki abandone yon bagay pou yo ka atenn yon bi nan lavi yo? _____

Nan 2 Timote 2:1-5, Paul konpare yon kreyen tankou yon bon sòlda ak yon atlèt ki ap antrene di pou l ka fè pati moun kap gen viktwa yo. Ki kalite kreyen sa yo ki atenn bi osinon pri lavi etènèl la? _____



Jezi te itilize yon egzanp ki klè nan tan pa li a pou ede disip li yo konprann ke yo te bezwen dakò pou peye pri a. Ki konparezon li te fè selon Lik 9:23? _____

Krisifye sou lakwa se te nan fason sa Jezi te anseye ke lavi kreyèn nan mande sakrifis. Lakwa te reprezante soufrans ak lanmò fizik. Lakwa se te pri ke Jezi te dakò peye pou sali nou.

Menm jan ak Mèt yo a, disip Jezi yo atravè listwa te fè fas ak eprèv epi difikilte poutèt yo te fidèl nan levanjil. Men se nan kalite sitiyasyon sa a yo Kreyen yo vin fò nan lafwa yo (Women 5:3-5).

Nan matye 24:13 gen yon pwomès pou tout moun ki rete fidèl ak Seyè a nan mitan eprèv yo. Ki pwomès li ye?

Jezi pat aksepte pèsonn kòm disip ki pat konsanti peye pri a.

Selon sa ou remake nan lavi pa ou, ki difikilte ke disip Jezi yo te konnen poutèt yo te deside suiv Jezi? _____

5. Suiv li vle di se pou ou fidèl

Apèl ki mande pou yon moun disip Jezi a se yon apèl ki reklame lavi ou tout antye. Lavi Kreyèn se yon lavi ke ou dwe viv jou aprè jou.

Nan kisa premye Kreyen yo te fidèl, selon Filipyen 3:13-14? _____

Nan kisa Pòl te mande Kreyen Tesalonik yo pou yo fidèl (1 Tesalonik 5:12-23)? _____

Pou kisa li pa sifi pou ou tande Pawòl Bondye a, selon Jak 1:22? _____

Ansèyman Mèt la dwe pratike nan lavi disip li yo. Dwe genyen detèminasyon. Se poutèt sa Jezi di ke moun ki vle suiv li yo dwe pèsevere, si yo pa persevere, yo pa kapab disip li (Lik 9:62). Nan mond sa a, pa gen anyen ki etènèl, men moun ki se disip Jezi tout bon se sila a yo ki pèsevere, menm nan mitan difikilte.

Moun k'ap suiv li yo dwe adopte modèl lavi li. Dèyè kisa disip Jezi yo dwe kouri kòm priyorite, selon Matye 6:33? _____

Disip Jezi yo dwe “chache Wayòm Bondye,” sa vle di, avèk anpil pasyon pou yo gen dezi pou volonte Bondye fèt nan tout domèn nan lavi yo epi bò kote yo. Men se pa yon bagay ki rive kou yon moun fin ne denouvo nan lavi Kreyèn nan.

Ki domèn nan lavi nouvo disip Jezi a ki dwe transfòmè?

Ezekyèl 11:19 _____

Women 12:2 _____

1 Pyè 1:14 _____

Ansye dezi yo, koutim yo, ak fason panse ak aji dwe sòti nan lavi nouvo disip Jezi a. Se poutèt sa lavi Kreyèn nan se yon pwosesis kwasans ak transfòmasyon ki kontinye.



Pou ou vin yon disip Jezi sa mande pou kite dèyè nenpòt bagay ki te ka separe nou de Jezi. Renonsman sa a gen ladan remèt tout bagay bay Bondye, pou li ka vin mèt yo epi pou nou menm ka vin administratè resous sa a yo. Selon Efezyen 4:13, ki bi disip Kris yo ap goumen pou yo akonpli? _____

Eskè nou ka suiv Jezi san pa gen chanjman oubyen ajisteman ki fèt nan lavi nou? _____

Chanjman sa a yo ap rive fèt sèlman si nou konprann ke se byen pou yo fèt. Fòk nou gen volonte pou nou soumèt kè nou epi pou Kris la transfòme nou selon imaj pa li. Disip Jezi yo dwe pran desizyon pou Jezi transfòme yo.

Sa ke mwen aprann nan leson sa a

Pratike li

1. Li Sòm 18:2 ak 62:1-2. Eske Kris se “Wòch” ou ak “Sali” ou? _____

Kijan lòt moun ka wè sa nan lavi ou? _____

2. Fè Bondye konnen repons ou a nan lapriyè epi mande li kenbe ou fèm nan desizyon ou pran pou ou suiv Kris la.

3. Aprè ou fin li Jan 6:67-69, nan ki moun ankò, aprè Jezi ke ou ka jwenn lavi etènèl? _____

4. Mande Bondye sekou ak direksyon pou ou ka genyen laviktwa nan tout sitiyasyon.

5. Si gen baryè nan lavi ou ki ka bloke ou pou pa suiv Kris la, pataje sa ak gid ou a oubyen moun ki nan ti gwoup ou a. Li posib pou yo ba ou konsèy ki valab selon eksperyans pa yo oubyen selon eksperyans lòt Kreyen ki gen plis matirite.



KLE POU YON LAVI KRETYÈN NAN LABONDANS - 2

Renmen Bondye ak tout sa ou ye!

Leson sa a pral

...anseye ou plis konsènan kijan Bondye ye epi ki kantite lanmou li gen pou ou.

...gide ou pou ou dekouvri sa Bondye fè epi sa li ap kontinye fè pou lèzòm ka vin pi prè li atravè lanmou li.

...ede ou konprann ke Bondye kreye ou pou ou gen relasyon avèk Li.

...montre ou kijan ou ka fè eksperyans vrè lanmou an ki sòti nan Bondye epi kijan ou ka reponn lanmou sa a san rezèv.

Aprann pa kè: “Jezi reponn: ‘Renmen Seyè Bondye ou avèk tout kè ou epi avèk tout nanm ou epi avèk tout lespri ou. Sa a se premye epi pi gran kòmandman’” matye 22:37-38

Renmen Bondye ak tout sa ou ye!

1. Kisa sa vle di renmen?

Nan Matye 22:37-38, Jezi fè nou sonje ke kòmandman ki pi enpòtan ke pitit Bondye yo dwe kenbe a se ____

Kisa sa vle di pou ou “pou ou renmen”? _____

Li pa fasil pou ou dekri lanmou. Se paske vèb “lanmou” pèdi vrè siyifikasyon li. Nou pa ka konprann lanmou totalman si nou pa konprann kilès Bondye ye. Bondye se sous lanmou epi se nan li kapasite lòm genyen pou li renmen an sòti.

2. Kijan Bondye montre nou lanmou li?

De (2) premye chapit nan liv Jenèz la di kòman Bondye, san li pa sèvi ak anyen, kreye tout linivè a ak tout sa ki ladan.

Kòman Bondye kreye limanite ak rès kreyasyon an aprè li fin egzamine travay li, selon Jenèz 1:31? _____

Bondye te kreye lòm pafè oubyen “yon fason ki te bon anpil”, menm jan ak rès kreyasyon an. Pèfeksyon sa a pa gen rapò sèlman ak aspè fizik lòm, men tou li gen rapò ak kapasite mantal, dezi lòm, emosyon li, santiman li ak fason li te san tach espartyèlman.

Selon Jenèz 1:26-27, kisa ki te fè premye gason an ak premye fanm nan espesyal konsa? _____

Pou ki bi Bondye te bay lòm intelijans ak kapasite pou li ka gen lyen ak Kreyatè a? _____



Bondye renmen gen kominyon ak lèzòm. Nan sans sa a, li kapab pataje lanmou li ak sajès li avèk nou, epi pou li ka yon Papa ki gen tandrès epi k'ap pwoteje nou. Bondye se Lespri, men li se yon pèsòn tou. Menm jan avèk nou, Bondye konn santi li kontan, li konn fache, li rezone ak pitit li yo, li padone, santi doulè, li gen mizerikòd.

Chache kèk karakteristik Bondye nan pasaj sa a yo:

Jenèz 6:6 _____

Sòm 86:15 _____

Lik 12:6 _____

1 Jan 4:10, 16 _____

Nou pa dwe trete Bondye kòm si se ta yon èt ki pa gen sansiblite, ki toujou pare pou li bay pinisyon lè nou fè fot. Bondye pa yon grap kòmandman oubyen prensip ke nou dwe obeyi. Nou pa chache Bondye sèlman lè nou bezwen yon bagay nan men li.

Li se yon Papa ki renmen, ki vle kenbe ou, ki gen sousi pou ou, ki pran plezi nan pale avèk ou, epi ki vle gide ou pou ou pa frape. Pliske li se zanmi ou, li vle ede ou vin yon pi bon pitit, yon pi bon epouz, yon pi bon paran. Bondye vle pou kreyasyon li a kontan. Men gen yon bagay ki te pase ki deranje plan Bondye a. Ou ka li konsènan sa nan Jenèz 3:1-24. _____

Akòz dezobeyisans Adan ak Ev, peche, soufrans ak lanmò kraze bèl amoni ki te genyen nan mond Bondye te kreye a, epi sa pote disgras pou tout kreyason an.

Men Bondye pat janm abandone objektif li a ki se genyen relasyon ak lèzòm. Akòz lanmou li, li mete plan Sali li a an plas pou li sove lèzòm nan peche yo epi mennen yo retounen nan relasyon entim avèk Kreyatè a.

Se moun ki te gen relasyon ak Bondye ki te ekri Labib epi, nan obeyisans yo ak Bondye, yo ekri fason plan sa a te rive devlope nan listwa limanite. Li rakonte kòman Bondye bay tout limenm yon fason pou nou kapab rekonsilye avèk li (Women 5:8).

Pou kisa Bondye antre nan listwa lòm pa mwayen pitit li a, Jezi ke li voye, selon Jan 3:16? _____

Pèsonalize vèsè sa a, ekri li selon mo pa ou epi mete non pa ou:

Paske Bondye tèlman renmen (ekri non ou) _____

Li _____

Fè yon lis ki gen ladan kèk egzanp sou fason Bondye montre lanmou li. _____

Pandan plan Sali a t'ap devlope, Bondye revele tèt li bay lèzòm. Labib montre ke Bondye se Youn, men nan menm tan an li se twa pèsòn nan yon sèl: Bondye Papa a, Bondye Pitit la ak Bondye Sentespri a (Trinite a)

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou 3 pèsòn trininite a nan liv ki rele Kisa Nazareyen yo Kwè a oubyen nan Diksyonè pou Nouvo Kreyen yo.

3. Bondye vle pou tout kreyati li yo retounen lanmou yo benefisye a ba li.

Eske ou konnen yon moun ki renmen anpil men lanmou li a pa janm retounen? _____



Gen moun ki fè erè lè yo kwè ke moun ka renmen Bondye yon fason sipèfisyèl. Pou moun konsa, renmen Bondye siyifi akonpli yon seri rityèl, lapriyè ak fè sakrifis. Men Labib di ke tout sa a yo sans valè; yo pa fè Bondye plezi.

Nan ki fason pèp la te fè Bondye plezi, selon Ezayi 1:10-20? _____

Eske ou panse ke moun sa a yo te renmen Bondye nan fason li te vle pou yo renmen li, selon Matye 22:37-38? _____

Pou kisa yo pat fè Bondye plezi si yo te egzekite tout rityèl ak fèt relijyez yo? _____

Ki egzanp nan tan pa ou la ke ou ka bay konsènan movèz fason moun ap chache fè Bondye plezi? _____

4. Renmen Bondye ak tout sa ou ye

Kijan Bondye vle pou renmen li, selon Detewonòm 6:5? _____

Eske ou panse li fasil pou yon moun renmen nan fason sa a? Wi Non

Lèzòm gen tandans renmen moun ki manifeste lanmou anvè yo. Nou renmen moun pou sa yo fè oubyen sa yo ka fè. Eske ou panse Bondye renmen ou pou sa ou fè, oubyen pou sa ou ye?

Verifye repons ou a avèk vèsè sa a yo: Women 5:8; Efezyen 2:4-5; Tit 3:4-7; 1 Jan 4:10.

Eske nou dwe fè Bondye konfyans ke li pral bay moun ki fè bon zèv yo lavi etènèl, selon Efezyen 2:8-10?

Bon aksyon pa ka kouvri peche nou yo devan Bondye. Kilè menm disip Jezi yo dwe fè bon zèv, selon Matye 5:16? _____

Bondye renmen nou pou sa nou ye, se pa pou sa nou fè. Nan menm sans la, nou dwe renmen li pou sa li ye. Gen moun ki pè renmen Bondye paske gen yon moun yo te renmen ki te fè yo wont. Li di anpil pou ou rive fè yon moun konfyans ankò aprè yo te fin vyole konfyans ou. Men moun konsa ka wè lapèrèz yo disparèt lè yo vin konnen Bondye chak jou pi plis, epi pandan y'ap fè eksperyans fidelite Bondye.

An Labib, yo toujou fè lwanj pou Bondye akòz fidelite li (Sòm 40:10; 92:2; Lamantasyon 3:23). Fidèlite Bondye pa depann de sa nou fè. Menm si nou tonbe, limenm ap kontinye fidèl.

Chache pasaj sa a yo epi chache jwenn egzanp sou kòman fidelite Bondye revele:

1 Korentyen 10:13 _____

2 Tesalonisyen 3:3 _____

1 Jan 1:9 _____

Bondye vle ou konnen Li epi renmen Li plis chak jou. Bondye vle ou aprann ekspri lanmou ou pou li. Se sa k'ap sijè lòt leson k'ap vini an. Sa mwen aprann nan leson sa a



Mete li anpratik

1. Nan pasaj sa a yo ou pral jwenn plis enfòmasyon konsènan kijan Bondye ye. Li yo pandan yon moman ki pa gen bri avèk Bondye nan semèn sa a epi ekri yon deskripsyon sou sa Bondye ye pou ou epi kijan ou vle relasyon ou avèk li ye depi kounye a. Di Bondye mèsè nan lapriyè chak jou pou sa li ye pou ou.

Lendi: Detewonòm 7:9 _____

Madi: 1 Kwonik 29:10-19 _____

Mèkredi: Sòm 90:2 ak 119:137 _____

Jedi: Jeremi 23:24; 32:17 _____

Vendredi: Jan 1:18; 4:24 _____

Samdi: Jan 1:5; 3:20; 4:16 _____

Dimanch: Sòm 130:3-41 _____

2. Fè yon lis bagay ou pral fè semèn sa a pou montre Bondye ke ou renmen li:

- o _____
- o _____
- o _____
- o _____
- o _____

Make sa ou te fè yo ak yon X.



KLE POU YON LAVI KRETYÈN NAN LABONDANS - 3

Renmen lòt moun!

Leson sa a pral

...ede ou konprann ke volonte Bondye sèke li vle pou lèzòm renmen youn lòt.

...ede ou konnen pi gwo modèl lanmou aktif pou Kreyen yo se: Jezikri.

...apran ou rekonèt kilès moun ki pwochen ou, ke Bondye mande ou pou ou renmen an.

...montre ou kòman ou ka eksprimante vrè lanmou ki sòti nan Bondye epi pratike lanmou sa a.

Pou aprann pa kè: *“Renmen pwochen ou menm jan ou renmen tèt pa ou.”* Matye 22:39b

Renmen lòt moun!

1. Ou kreye avèk bezwen pou renmen epi pou yo renmen ou

Sòti nan moman yo pran nesans, lèzòm bezwen lanmou pou yo ka grandi an sante mantalman, fizikman, sosyalman epi espiritiyèlman. Genyen anpil maladi ke manke lanmou ka bay. Eske ou ka bay kèk egzanzp? _____

Nan leson avan an nou te wè ke lòm te kreye avèk kapasite pou yo renmen epi resevwa lanmou Bondye. Premye ak pi gwo kòmandman Jezi bay disip li yo se renmen Bondye. Se nan relasyon lanmou sa a ke youn moun ka jwenn satisfaksyon pou bezwen li te kreye avèk li a pou lanmou etènèl la.

Men renmen Bondye epi gen yon relasyon entim avèk li pa sèlman sa Jezi ap tann pou disip li yo fè. Depi nan kòmansman, plan orijinal Kreyatè a se te pou lèzòm gen relasyon youn ak lòt nan lanmou. Nou ka wè sa nan pasaj sa a yo:

Si Adan te gen yon relasyon ki pafè ak Bondye, pou kisa li te santi li sèl? Jenèz 2:18-25 _____

Bondye te kreye gason ak fanm pou yo viv antanke fanmi, kote pou yo pran swen epi renmen youn lòt. Pi lwen, Bondye rele Abraham. Ki plan Bondye te genyen pou lavi Abraham, selon Jenèz 12:1-2? _____

Avèk desandan Abraham, Bondye fòme pèp Izrayèl la (pèp Ebre a), ke Jezi ta pral sòti ladan an. Pou ki rezon Bondye te voye Jezi nan mond la, selon Tit 2:14? _____



Tout moun k'ap suiv Jezi fè pati yon nouvo pèp (1 Pyè 2:9-10). Ki lòt non pèp Bondye a te resevwa nan Nouvo Testaman an, nan Travay 2:47? _____

Kòmman relasyon yo dwe ye pami disip Kris yo ki fòme legliz la, selon 1 Jan 4:7-8? _____

Selon 1 Jan 4:16, ki karakteristik ki idantifye yon disip Kris? _____

2. Jezikri se egzanp pafè nou genyen konsènan lanmou aktif

Bondye te konnen ke lòm, akòz peche a, pat ka renmen youn lòt jan yo ta dwe renmen an, selon premye objektif ki fè Bondye te kreye yo a.

Jezi viv pami lòm antanke yon egzanp pafè konsènan lanmou aktif Bondye ki la tout tan. Kisa Jezi te fè apati de lanmou li, pou moun nan tan li yo, selon sa ki rakonte nan levanjil yo?

Lik 4:38 _____

Lik 4:43 _____

Lik 9:10-17 _____

Eske nou ka rive renmen menm jan ak Jezi? _____

Eske ou kwè ke Bondye ta mande ou fè yon bagay ke ou pa ka fè? Reponn kesyon sa a aprè ou fin li Efezyen 5:1-2. _____

3. Ou ka mete lanmou Bondye a anpratik nan imite Jezi

A. Jezi te gen konpasyon.

Selon Matye 9:36, kisa Jezi te santi lè li te wè fowl moun yo? _____

_____ Lè ou gen konpasyon se lè ou santi doulè lòt moun oubyen ou gen pitye pou lòt moun ki malere. Lè ou gen konpasyon se pa sèlman yon senp senpati ou manifeste anvè lòt moun nan, men ou mete tèt ou nan plas moun ki nan pwoblèm nan, pou ou ka santi doulè a, bezwen an. Gen pitye pou yon moun pa sifi. Gen anpil moun ki gen pitye pou moun k'ap souffri, men yo pa fè anyen pou ede yo.

Jezi se konpasyon Bondye Kreyatè a ki pèsionifye (ki tounen moun), ki, pandan li ap gade kreyati li yo ki pèdi sanzespwa, te deside aji pou rezoud pwoblèm yo (Matye 15:32). Jezi pat demontre lanmou sa a sèlman nan pawòl (1 Tesalonisyen 1:3; Ebre 6:10 epi 10:24). Nan sans sa a, kisa konpasyon an pouse Kreyen yo fè? _____

Atravè Ministè Konpasyon Nazareyen yo, legliz Nazareyen chwazi, fòme epi ankouraje Kreyen pou yo pratike konpasyon nan fason ke moun ka wè—kalite konpasyon ki pou karakterize mòd lavi yo, kole zèpòl pou satisfè bezwen lòt moun.

B. Jezi renmen tout moun menm jan.

Pou li te montre moun nan tan li yo ke pitit Bondye yo dwe renmen tout moun, Jezi rakonte parabol yon bon Samariten, ke ou ka li nan Lik 10:25-37. Avèk parabol sa a Jezi te vle anseye ke kòmandman ki mande pou moun renmen pwochen ou lan pa gen limit; li gen ladan moun nan tout ras, tout kilti, tout relijyon, tout idewoloji politik, fanm kou gason, tout laj, tout klas sosyal, tout nivo ekonomik oubyen repitasyon kiltirèl, epi menm ènmi ladan tou.

Kilès ki pwochen an nan pasaj anlè a? _____



Nan ki ekstrèm Jezi pouse ansèyman sa a, selon Matye 5:43-44? _____

Pou kilès Jezi mande padon nan Lik 23:34? _____

Lanmou ak padon ensepaparab (yo mache ansanm), men yo pa alapòte lòm fasilman. Nou ka sèlman aprann padone fason sa a atravè lanmou Bondye ba nou lè nou mande li nan lapriyè.

C. Aprann renmen lòt yo, kòmanse renmen tèt pa ou.

Kèk moun gen yon fo imaj de tèt yo. Kisa Women 12:3 di konsènan sa?

Bay kèk move fason moun ka renmen tèt li, selon 2 Korentyen 10:12-13 epi 2 Timote 3:2? _____

Kèk moun, nan yon lòt sans, wè tèt yo kòm si yo pa merite pou moun renmen yo epi ba yo valè. Pou kèk moun li difisil pou yo rive padone tèt yo pou erè ak peche yo te fè. Kreyen dwe aprann wè tèt yo jan Bondye wè yo a.

Ou se yon moun ki gen valè nan je Bondye. Bondye renmen ou epi si ou mande li padon pou echèk ou yo ak peche ou yo, ou dwe asire ou ke li padone ou epi li bliye tout (Miche 7:19). Ou se yon nouvo kreyati pou limenm, pou ou epi pou lòt moun.

Lanmou ke ou gen pou tèt pa ou la se nivo lanmou sa a Bondye mande ou pou ou genyen pou lòt moun (Matye 7:12). Lè ou pa konn sa pou ou fè, ou ka mande tèt ou: si m' te nan sitiyasyon sa a, kòman mwen t'ap vle pou lòt moun trete mwen?

D. Jezi vle pou disip li yo renmen youn lòt epi pou yo rete ini ansanm.

Se moun ki fòme legliz la, epi Kreyen yo ki fè pati legliz la, menm si yo sove, yo pa san peche. Menm jan avèk ou, y'ap aprann viv antanke disip Jezi epi y'ap aprann renmen menm jan Jezi te fè sa. Ki egzanp lapòt Pòl bay konsènan sa nan lèt li voye bay Filipyen yo (3:12-14)? _____

Nan Labib gen anpil konsèy pou manm fanmi Bondye a (legliz la) pou yo ka kiltive relasyon yo epi aprann viv kòm frè ak sè nan lafwa. Chache sa nan pasaj sa a yo: Matye 5:22; 18:15, 21-22; Women 12:9-10; Galat 6:1 epi Efezyen 4:2.

E. Jezi te ranpli ak Sentespri a.

Selon Jan 17:26, ki kalite lanmou Jezi te bay disip li yo? _____

Atravè kilès lanmou Bondye devèse tonbe nan kè pitit li yo, selon Women 5:5? _____

Selon 1 Tesalonisyen 3:12, lanmou Bondye dwe _____

epi _____ nan kè ou.

Sentespri Bondye anseye ou pou ou renmen pwochen ou menm jan Jezi te fè sa. Ou ka lapriyè, mande Bondye pou li ranpli ou avèk Lespri li ak lanmou li.



Sa ke mwen aprann nan leson sa a

Mete li anpratik

1. Reflechi sou fraz sa a: “ou ka bay san ou pa renmen, men ou pap ka renmen san ou pa bay.” Aprè sa, li Jan 3:16.

2. Li Sòm 133 epi dekouvri: ki benediksyon ki rezève pou sila a yo ki aprann renmen youn lòt nan kè yo? _

3. Kòm lanmou kapab vin pafè nan pitit Bondye yo, selon 1 Jan 2:3-6? _____

4. Li 1 Jan 4:7-21 epi reponn: pou kisa li pa posib pou renmen Bondye san ou pa renmen frè ak sè ou? ____

5. Mete nan yon lis kèk bagay ke ou ka fè semèn sa a pou ou manifeste lanmou ou anvè fanmi ou, frè ou ak sè ou nan legliz la, epi pwochen ou ki nan kominote a, nan travay ou, nan lekòl ou, elatriye. Mande Bondye pou li ede ou atenn objektif sa a yo.

- o _____
- o _____
- o _____
- o _____
- o _____
- o _____

Make sa ou te reyalize yo avèk yon X.



KLE POU LAVI KRETYÈN NAN LABONDANS - 4

Pèmèt Jezi Seyè tout bagay!

Leson sa a pral

...ede ou konprann ke tout bagay ou posede se Bondye ki renmen bay la ki ba ou yo.

...montre ou ke Kris ba ou yon nouvo lavi pou li ka Seyè ou epi pou ou ka yon bon administratè sou tout sa li ba ou.

...anseye ou kèk karakteristik ke yon bon administratè genyen.

...infòme ou sou kèk bagay ke ou ka kòmanse fè antanke yon administratè Seyè a ki fidèl.

Aprann pa kè: "Si n'ap viv, n'ap viv pou Seyè a; epi si nou mouri, nou mouri pou Seyè a. Nan sans sa a, ke nou viv oubyen mouri, nou pou Seyè a" Women 14:8

Pèmèt Jezi Seyè tout bagay!

1. Kilès ki mèlè tout bagay?

Ki diferans ki genyen lè ou gen privilèj pou sèvi ak yon bagay ak lè se ou menm ki mèlè li? _____

Konpare repons ou a ak Travay 4:32 _____

Selon Sòm 24:1, Kilès ki mèlè tout bagay?

Chwazi pami tout chwa sa a yo:

___ yon moun

___ fanmi an

___ Kominote a

___ Gouvènman an

___ Legliz la

___ Bondye

Pou kisa li pa bon pou ou di ke se lèzòm ki mèlè sa yo posede, selon 1 Korentyen 4:7 epi 1 Timote 6:7? _____

Sou kisa nou baze kwayans ki montre ke se Bondye ki mèlè tout bagay la?

Jòb 38:4 _____

Sòm 100:3 _____

Ezayi 45:12 _____

Travay 17:28 _____

Bondye te kreye ou, epi li mete disponib pou ou sa ou bezwen pou ou kontinye lavi ou. Li sove ou anba pouvwa peche epi lanmò atravè san pitit li a, Jezi, epi li fè ou vin yon pati nan pèp sen li a pou ou ka sèvi li avèk tout sa ou ye. Tout sa ke ou ye ak tout sa ou resevwa nan men Bondye. Kounye a li mande ou pou ou administratè tout bagay.



2. Bondye fè ou administratè li

Jezi te sèvi ak lòt mo lè li t'ap pale konsènan administratè, tankou entandan ak sèvitè. Kisa yon sèvitè ye, selon Mak 10:43-45? _____

Lè Jezi te sou latè te genyen esklavaj, epi sèvitè ak esklav te vle di menm bagay. Sèl objektif yon esklav te genyen se te fè pwopriyetè li plezi, pwopriyetè sa a ke yo te konn rele seyè oubyen mèt. Yon entandan se te yon sèvitè ki akonpli yon seri fonksyon administratif anba lòd mèt li. Si Jezi se Seyè, kilès ki administratè, sèvitè oubyen entandan? _____

Jezi te yon egzanp pafè de yon moun ki bay lavi li nan sèvis y'ap bay Bondye. Nan sans sa a, kilès ki yon entandan?

___ Sila a ki sèvi ak byen mèt li a nan fason li panse li ap pi bon.

___ Sila a ki obeyi dezi pwopriyetè a.

___ Sila a ki deside kisa pou li fè avèk propriyete mèt la.

3. Karakteristik yon administratè resous Bondye ki fidèl

Nan parabòl Matye 25:14-30 la, ki diferans ki genyen ant yon bon administratè ak youn ki pa bon? _____

Si ou ta dwe bay yon moun responsab yon bagay ki gen anpil valè pou ou, ki karakteristik ou t'ap chache nan moun sa a? _____

Nouvo Testaman reklame 3 bagay de yon entandan Bondye ki fidèl.

Premye obligasyon an ouap jwenn li nan 1 Korentyen 4:1-2. Kisa li ye? _____

Yon entandan ki fidèl se youn ki akonpli tout responsabilite li, ki pran swen enterè mèt li, epi ki sèvi ak talan ke li genyen pou sèvis mèt li.

Dezyèm obligasyon an ouap jwenn li nan Tit 1:7. Kisa li ye? _____

Yon lòt mo ki siyifi san repwòch se “dwat.” Yon moun ki dwat se yon moun ke pèsòn pa ka akize pou di li ke li echwe. Si yon entandan pa “dwat” moun ka devlope yon move konpreyansyon konsènan pwopriyetè a, paske entandan an reprezante pwopriyetè a devan lòt moun. Twazyèm obligasyon an ou ka jwenn li nan Ebre 6:3, 10; 7:9-10. Ki karakteristik ke ou jwenn nan tout sèvitè Bondye sa a yo? _____

Kòman yon Kreyen ka saj, selon Jak 1:5? _____

4. Responsablite yon administratè nan sèvis Bondye

Administratè Bondye yo gen 4 responsablite.

A. Suiv ensitriksyon yo: Nou aprann ke Bondye deside sa li dwe fè ak byen li yo epi nou menm nou la pou n' sèlman suiv ensitriksyon li yo. Labib anseye nou kijan pou nou sèvi ak resous Bondye ba nou yo kòrèkteman.

B. Chache direksyon: antanke administratè ou dwe rete an kontak avèk Bondye konsa pou ou ka konnen volonte li epi resevwa nouvo ensitriksyon. Bondye pa toujou revele volonte li yon sèl kou, men etap aprè etap. Kijan Bondye revele volonte li bay sèvitè li yo tikras pa tikras nan pasaj sa a yo?

Pèmèt Jezi Seyè tout bagay!



Jenèz 12:1 _____

Travay 9:6 _____

Travay 16:6-10 _____

Ebre 11:8 _____

C. investi resous ou resevwa yo avèk sajès: Bondye vle pou pitit li yo fidèl epi pou yo investi nan sa li ba yo avèk objektif pou yo miltipliyè resous sa a yo. Resous sa a yo kapab se lavi ou, tan ou kapasite ou, ak lajan ou, elatriye.

Selon 2 Korentyen 9:6-11, ki pwomès Bondye fè tout moun ki investi lavi yo selon plan li? _____

Selon plan Bondye, yon moun ki saj investi sa ke li resevwa an 3 pèsòn:

BONDYE LÒT YO OUMENM

Selon Malachi 3:10-12, kisa Bondye pwomèt sila a yo ki ba li sa ki pou li? _____

Bondye vle pou nou pataje sa li ba nou avèk lòt moun. Nan ki fason ou dwe fè sa, selon 2 Korentyen 9:7? _

Bondye pral beni ou chak fwa ou bay yon bagay li mande ou pou bay. Ou pral toujou jwenn nan men Bondye plis pase sa ou ka ba li. Eske gen yon moun ki tèlman pòv ke li pa ka bay Bondye oubyen lòt moun yon bagay? Kisa Travay 3:6 di konsènan sa? _____

D. Enfòmè: Nan Matye 25:14-30, Jezi te anseye ke chak moun dwe rann kont sou sa li ap administre. Kilès li dwe rann kont la? _____

Lapriyè se mwayen nou menm, antanke Kreyen, nou ka rann Bondye kont, fè evalyasyon ou menm ak Bondye sou pèfòmans ou nan diferan domèn nan lavi ou, epi fè plan avèk li. Men nou dwe rann kont youn bay lòt; avèk lidè nou yo, epi frè ak sè nan legliz la.

5. Remèt kontwòl lavi ou bay Kris la

Selon Kolosyen 1:13-18; Women 14:9 epi Travay 10:36, Kilès Bondye konfyè tit Seyè lavi ou? _____

Nan lòt paj aprè a genyen yon desen ki ka itil ou pou montre kòman sa ye lè yon lavi koube anba Kris la kòm Seyè. Mete sou desen an diferan aspè lavi ou ke ou bezwen remèt bay Kris la pou dirije antanke Seyè. Eseye domèn tankou maryaj, pitit, edikasyon, tan libre, travay ak finans, elatriye.

Desizyon ou nan men ou. Eske ou swete bay Kris la kontwòl lavi ou? Si ou reponn wi, di Seyè a sa nan lapriyè:

“Kris, mwen remèt nan men ou tout aspè nan lavi m’ ke mwen mete sou desen an, epi m’ap mande ou pou ou pran kontwòl tout sa mwen ye. Ede m’ viv chak jou anba direksyon ou antanke Seyè mwen.”

Si ou reponn non, kisa ki bloke ou pou ou pran desizyon sa a? _____

Sa mwen te aprann nan leson sa a



Mete li anpratik

1. Li 1 Korentyen:19-20 ak 2 Korentyen 5:14-15. Medite: ki enplikasyon pratik ki pral gen nan sa lè mwen remèt Seyè a kontwòl lavi mwen?
2. Li Mak 16:15, Efezyen 5:16 ak Filipyen 4:8. Medite: Kijan ou ka envesti resous ke ou resevwa nan men Bondye yo: lespri ou, pèsonalite ou, kapasite ou, tan ou ak konesans ou genyen sou levanjil Jezi a?
3. Li Lik 14:28-32. Egzamine objektif ou yo, priyorite ou yo ak plan ou yo pou semèn sa a pandan ouap analize pou ou wè si yo an akò ak volonte Bondye pou ou pandan ouap reponn kesyon sa a yo.

Eske objektif mwen yo, priyorite mwen yo ak plan mwen yo se rezilta dezi pèsònèl mwen ke Bondye ka dakò ak yo? _____

Si Jezi te nan plas mwen, èske li t'ap aji menm fason m'ap aji la a? _____

Eske m'ap ka fidèl ak Bondye avèk objektif sa a yo, priyorite sa a yo ak plan sa a yo? _____

Eske mwen te panse konsènan kòman objektif sa a yo, priyorite sa a yo ak plan sa a yo ka afekte pwochen mwen yo, (fanmi, zanmi, frè ak sè, kòlèg travay, elatriye)? _____

Eske objektif sa a yo, priyorite sa a yo ak plan sa a yo pral kontribye pou kwasans mwen antanke disip Kris? _____

Eske mwen envesti ase tan nan kwasans espirityèl mwen: etidye Labib, lapriyè, ale legliz, kominyon kretyèn elatriye? _____

Eske mwen mete apa ladim sou tout sa mwen fè kòm salè pandan semèn nan pou m' bay Bondye pou travay li? _____

Fè yon lis ki gen ladan bagay ou pral fè semèn sa a kòm repons ak sa Bondye ap tann de ou antanke yon administratè responsab de sa Bondye remèt ou pou ou jere.



KLE POU YON LAVI KRETYÈN NAN LABONDANS - 5

Sèvi Kris la!

Leson sa a pral

... ede ou konprann ke Bondye ba ou yon nouvo lavi pou ou ka vin yon administratè nan sèvis Kris la.

... montre ou diferan domèn Kris vle ou sèvi li.

... ba ou yon lide pratik pou ou ka kòmanse sèvi Jezi semèn sa a menm, lakay ou, nan travay ou, lekòl ou, nan legliz la ak nan kominote a.

Aprann pa kè: *“Pa gen yon sèvitè ki ka sèvi 2 mèt alafwa. Se swa li rayi youn epi renmen lòt la, oubyen li livre tèt li bay youn epi li rejte lòt la”.* Lik 16:13a

Sèvi Kris la!

1. Kisa yon sèvitè ye?

Nan leson avan an nou te wè ke yon sèvitè se yon moun ki pa mèt tèt li, men li gen yon lòt moun antanke mèt li.

Ki lòt mo yo itilize nan Nouvo Testaman kòm sinonim sèvitè? Chwazi pami chwa sa a yo:

__ frè __ patwon __ esklav __ seyè

Eske li bon pou ou di ke yon moun se yon esklav yon bagay oubyen yon moun li envesti plis tan, plis atansyon ak lajan nan li a, selon Matye 6:24? _____

Ki sèl moun Kreyen yo dwe sèvi, selon 1 Korentyen 4:1? _____

Ki egzanp Jezi te ba nou ki gen relasyon ak sèvis nan Mak 10:45 ak Lik 22:27? _____

Selon Filipyen 2:7, èske se volontèman Jezi te vini epi sèvi, oubyen èske se Papa a ki te pase li lòd? _____

Jezi te toujou vle fè travay ki enb. Li pa janm bay eskiz ni li pa janm refize travay ki mande anpil efò oubyen sakrifis pèsònèl. Si Jezi ta dwe egzanp ou nan tout bagay, kisa atitid li aprann ou? _____

Jezi te sèvi moun ki bò kote li diferan fason, bay repons ak bezwen yo. Li te anseye, geri, preche, konsole, bay moun ki grangou manje epi menm lave li te lave pye disip li yo, pandan ke pa gen youn nan yo ki te vle fè sa!

Menm jan Jezi te sèvi pèp la, nou menm ki se disip li nou gen privilèj pou nou sèvi yo.



2. Kisa sa vle di pou yon moun se yon minis Kris?

Nan Bib la, yo itilize mo minis lè y'ap pale de nenpòt sèvis ke moun fè pou Bondye. Mo sèvis ak minis prezante menm lide.

Lè Jezi te satisfè bezwen moun yo, èske se lavi espirityèl yo sèlman ki te enterese li oubyen li enterese tou ak kondisyon fizik epi sityasyon emosyonèl yo? _____

Sèvitè Jezi yo dwe wè byennèt pwochen yo, espirityèlman fizikman tou, emosyonèlman, ekonomikman; nan fanmi an, sityasyon sosyal ak edikasyonèl, elatriye. __Wi __Non

Gen Kreyen ki kwè nan Jezikri, men yo pa pale de li ak lòt moun, ni yo pa fè anyen pou ede moun ki nan bezwen.

Eske ou panse kalite Kreyente sa a fè Bondye plezi? _____

Pou kisa? _____



Konpare repons ou a ak Jak 1:22-25 _____

Genyen diferan kalite ministè, oubyen diferan kalite mwayen moun sèvi Seyè a, pou chak dispip.

Eske li bon pou ou di ke depi jou Bondye te fin ba ou nouvo lavi nan Kris la, li prepare yon ministè pou ou, selon Efezyen 2: 10? _____

Genyen tou diferan domèn oubyen chan ministè. Kreyen yo se moun ki viv zafè sèvi Bondye nenpòt kote yo ye. Desen ou pral jwenn la a reprezante lavi yon adil Kreyen mwayen. Li responsab pou li egzèse ministè Kris la lakay, nan travay li oubyen nan katye li. Li menm gen responsabilite pou li sèvi moun pi lwen ke kominote li a oubyen pi lwen fwontyè peyi li a.

Ekri nan desen vid la kote nan lavi ou, chan kote ou gen responsabilite pou ou sèvi lòt moun antanke yon Kreyen.



3. Sèvi Kris lakay ou

Kilès ki kreyatè maryaj ak fanmi? _____

Bondye vle pou pitit li yo viv nan konfò epi sekirite nan yon fanmi. Se Bondye ki te kreye fanmi pou li bay lanmou, konpayon, konfyans, ankourajman ak pwoteksyon pou lòm.

Aprè ou fin li Efezyen 5:25 rive nan 6:4, make kèk conduit ke ou remake nan fanmi ke ou konnen ki an akò fanmi ideyal ke Bondye gen nan entansyon li pou pitit li yo geyen:

___ Ti moun yo soufri yon mank atansyon paske paran yo dedye tout enèji yo nan travay yo, kominote yo oubyen legliz yo.

___ Paran an yo pa bay timoun yo direksyon espiritiyèl.

___ Timoun yo pa pale ak paran yo.

___ Paran an yo pa konnen ki kote timoun yo ye ni yo pa konn sa y'ap regle.

___ Paran an yo gen vis ki fè yo gaspiye tout lajan yo epi timoun yo menm pa jwenn laswenyay.

___ Gen vyolans fizik, move trètman ak gwo mo sal nan reyaksyon yo.

___ Gen youn nan yo (swa madanm oubyen mouche) ki gen zanmi sou kote.

___ Lòt bagay: _____

Dezi Bondye pou sèvitè li yo sèke li vle pou yo plis sèvi Li kote ki pi pre yo avan: fanmi yo. Nan ki fason ou panse ou ka sèvi fanmi ou pi byen? Ekri egzanp ou yo: _____

4. Sèvi Kris nan travay ou

Bondye kreye lòm avèk kapasite pou li travay (Jenèz 1:26-28). Moun pa dwe konsidere travay kòm yon malediksyon, men kòm yon benediksyon epi yon posiblite pou ou sèvi. Ki egzanp Jezi ba nou ki gen relasyon ak sa nan Jan 5:17? _____

Gen plizyè fason kwayan ka sèvi Bondye nan travay li. Nou ofri ou yon lis ki gen ladan kèk nan yo, epi ou kapab kòmanse mete yo anpratik semèn sa a:

- Travay avèk konsyans ou, avèk kreyativite, avèk dilijans epi sans responsablite.
- ou dwe yon entandan ki fidèl nan resous ouap admnistre a (ekip, moun, kay, tè, elatriye)



- fè travay la kòm si se te pou Bondye ou t'ap fè li; sa pa yon pwoblèm menm si travay la se yon travay manyèl oubyen entelektyèl, oubyen si li peye ou non.
- Sèvi kòlèg travay ou yo selon bezwen yo lè sa posib.

5. Sèvi Kris nan legliz Nazareyen an

Pliske yo te itilize mo “minis” la lontan nan legliz yo lè y'ap pale konsènan ministè pastoral, gen moun ki vin kwè ke se sèl ministè sa a ki genyen oubyen se li ki pi enpòtan. Eske se vre selon Efezyen 4:11-13? _____

Pou ki rezon gen ministè sa a yo? _____

Fè yon lis bezwen moun nan katye ou la genyen. _____

Eske li posib pou yon sèl moun satisfè tout bezwen sa a yo? _____

Se pou rezon sa a Jezi fè ou _____ nan kò li oubyen nan legliz li (Efezyen 5:29-30).

Li Efezyen 4:1-16. Pou kisa Jezi fè ou yon manm nan legliz li a, selon vèsè 11 - 16? _____

Menm manm ki nan kò yon moun (bra, janm) pa ka itil se yo detache nan kò a, disip Jezi yo bezwen rete ini nan legliz lokal la (gwoup kretyen ki nan yon lokal), avèk objektif pou sèvi mond la selon volonte Seyè a (Jan 17:20-21).

Manm Legliz Nazareyen nan lemond antye se moun ki, menm jan ak ou, aksepte defi ki genyen nan sèvi Kris la epi nan sèvi youn lòt nan lanmou (ou ka jwenn plis enfòmasyon nan bwochi ki rele Listwa ak ministè legliz Nazareyen nan lemond).

Eske ou ta renmen fè pati fanmi entènasyonal sa a? Wi Non mwen pa kwè

Si repons ou a se wi, fè gid ou a oubyen pastè ou la konn sa pou ou ka jwen enstriksyon sou fason ou dwe fè sa a.

6. Sèvi Kris la nan kominote ou la oubyen nan lemond

Antanke moun k'ap suiv Jezi, nou resevwa apèl pou nou kole zèpòl pou kominote nou an ak mond fizik la ka devlope nan tout dimansyon (santé, edikasyon, abitasyon, travay, elatriye). Ki bezwen ou wè nan kominote ou la ke ou ka kontribye pou satisfè li antanke yon moun k'ap suiv Jezi?



Sa mwen te aprann nan leson sa a

Mete li anpratik

1. Li Filipyen 1:12-30. Ekri refleksyon pèsònèl ou konsènan sa a: Ki rezon Pòl te genyen pou li viv? Ki rezon ou genyen pou ou viv? Eske ou panse ke lavi ou te ka genyen plis valè? Kijan? _____

2. Li Filipyen 2:1-11. Mete nan yon lis rekòmandasyon Pòl fè ki gen relasyon ak fason Kretyen yo dwe sèvi pandan y'ap suiv egzanp Jezi. _____

3. Li Kolosyen 3:18-4:6. Gade kijan relasyon ou te ye avèk fanmi ou, zanmi ou, kòlèg travay ou, kondisip ou, pwochen ou, epi frè ou ak sè ou nan legliz la pandan semèn sa a. Panse plis ak fason ou te reyaji anvè moun ki gen otorite sou ou. Eske ou panse ou te ka amelyore fason relasyon ou ye avèk yo? Eske ou panse ke ou ta dwe mande padon oubyen gen yon moun ke ou te ofanse oubyen maltrete ke ou ta dwe prezante eskiz? Si sa te rive, mande Bondye padon epi pale ak moun nan kou ou jwenn posibilite.



KLE POU YON LAVI KRETYÈN NAN LABONDANS - 6

Ou dwe ranpli avèk Sentespri a!

Leson sa a pral

... anseye ou plis konsènan Sentespri a antanke yon pèsòn konsa ou ka gen kominyon avèk li.

... ede ou konprann fason Sentespri a te konn prezante pandan epi aprè ou fin konvèti.

... gide ou pou dekouvri kèk dispozisyon avèk atitud ki nan lavi ou ki anpeche ou grandi esprityèlman, ke Bondye vle transfòme pa mwayen Sentespri a.

... Anseye ou ke lè ou ranpli ak Sentespri a sa fè ke ou ranpli ak lanmou Kris la konsa ou ka chèche sa a yo ki bò kote ou.

Aprann pa kè: *“Se pou Bondye lapè a, sangtifye nou antyèman se pou lespri nou toutantye, nanm nou ak kò nou ka konsève san repwòch lè Seyè nou an Jezikri va tounen. Sila a ki rele nou an li fidèl, se li k’ap gen pou li fè sa.”* 1 Tesalonisyen 5:23-24

Ou dwe ranpli avèk Sentespri a!

1. Sentespri a se yon pèsòn

Mo espri vle di lavi epi souf; mo sen vle di pi epi separe de tout sa ki mal. Sentete se esans Bondye menm (Levitik 19:2).

Sentespri a se twazyèm pèsòn nan Trinite a; Li se Bondye. Pliske li se yon pèsòn esprityèl, Li envizib pou je lòm; men prezans li toujou avèk Kretyen an (Sòm 139:7). Sou ki non yo rekonèt Sentespri a?

Jan 14:26 _____

Jan 16:13-15 _____

Bondye te voye Sentespri a pou moun te ka konnen Kris la epi pou verite li a te ka revele pou kwayan an yo (Jan 14:26). Nan sans sa a, Sentespri a pa attire atansyon kwayan an yo sou tèt pa li, men Li dirije yo pou yo gade epi imite Jezi (1 Korentyen 12:3).

2. Sentespri a aktif nan plan Sali a

Depi nan lantikite, Sentespri a te enspire yon seri moun sen pou yo te ekri konsa pou nou te ka gen Labib jodi a. Se li menm ki fè ou tande pawòl sa a, li korije ou, li konsole ou, li anseye ou epi li aplike pawòl la nan lavi ou epi bezwen ou yo.

Avan nou te fèt denouvo, Sentespri a montre nou, pa plizyè fason diferan, kondisyon peche nou te ladan an.

Kisa Jan 16:7-11 di sou sa? _____



Nan moman nou resevwa padon an epi nou resevwa Kris la, kilès pèsonaj ki fè nou tounen nouvel kreyati a, selon Jan 3:6 ak Tit 3:5? _____

Selon 1 Korenyen 6:19, ki kote Sentespri a abite? _____

Selon Women 8:16, ki kalite sekirite Sentespri a mete nan kè moun ki resevwa padon nan men Bondye pou peche yo? _____

Ki lòt travay Sentespri a fè nan Sali pitit li yo?

- Jan 16:13 _____
- Travay 1:8 _____
- Travay 8:29 _____
- Travay 15:9 _____
- Women 8:26 epi Jid 20 _____
- 1 Korentyen 12:4-11 _____

Pou Sentespri a rive fòme ou pou vin sanble ak Jezikri, ou dwe kite LI aji nan tout domèn nan lavi ou.

3. Sentespri a ranpli lavi ou

Lè yon moun ranpli ak Sentespri a sa vle di ou ranpli ak Lespri Kris la. Se sa ki fè ke moun ki ranpli ak Lespri a ka mennen yon lavi san tach, menm jan Kris la te viv nan mond la. San Kris la lave peche ou epi li fè ke ou lib pa rapò ak peche a chak jou.

Lè nou resevwa Jezikri kòm Sovè, Sentespri a kòmanse viv nan kè nou tou. Bondye padone peche ou yo konsa ou ka viv yon lavi san peche; yon lavi ki sen, yon lavi ki depann de Bondye, epi ou ap fè eksperyans gwo richès espirityèl li yo (Efezyen 3:14-21). Men, menm si ou resevwa yon nouvo lavi, Kris toujou poko” gen kontwòl tout lavi ou.” Kris pa ka abite epi travay libreman nan lavi yon Kreyen ki pa ranpli totalman ak Lespri a.

Aprè ou fin li vèsè anba a yo, tcheke karakteristik ou remake ki nan lavi pa ou:

Matye 16:23 __ yon goumen ant volonte pa ou ak volonte pa Bondye

Lik 22:24 __ egoyis ak ògèy

Jan 18:25 __ kapon (lachte)

Women 7:8 __ konvwatiz

1 Korentyen 3:3 __ lanvi, espri divizyon, manke lanmou

Galat 5:17 __ goumen anndan konsyans ou

Nan 1 Korentyen 3:1-4 Pòl konsidere Kreyen ki genyen atitid sa a yo kòm “monden”. Li ap eseye montre ke se pa Sentespri a ki gen kontwòl lavi yo, men se sou kontwòl pwòp volonte pa yo y’ap mache, sa rele tou “le moi” oubyen “ego.”

Yon volonte ki pa kontwole pa Sentespri a toujou refize obeyi Bondye nan kèk domèn nan lavi li. “le moi” a se sila a ki pran desizyon final la konsènan nan ki domèn Bondye ta dwe jwenn obeyisans nan ki lòt domèn ou rezève ou ledwa pou ou chwazi sa pou fè.

okenn pitit Bondye pa dwe rete tout tan nan konfli sa a, paske li ap tonbe nan peche chak fwa li chwazi suiv pwòp volonte li olye li chwazi volonte pa Bondye. Chak jou li ap santi ke li nan plis konfizyon toujou epi li ap vin konsidere tèt li tankou yon echèk pandan li ap goumen ak fòs pa li pou li obeyi



Bondye yon fason ki kòrèk. Kreyen sa a sanble ak yon moun k'ap viv sou yon rezèv lwil, men li chwazi pòv olye pou li ta yon milyonè.


Nan desen sa a yo ou pral wè yon reprezantasyon konsènan lavi yon Kreyen monden (yon Kreyen ki atache ak mond la). Lavi Kreyen sa a se machin nan. Si machin sa a reprezante lavi ou, ki kote chofè t'ap ye? _____



Après ou fin li 1 Tesalonisyen 5:23-24, reponn : Eske Bondye ap kontan si ou ap viv konsa?

__ Wi __ Non _____

Men lè ou kite Sentespri a ranpli lavi ou, bagay sa a yo ap rive:



Kilès ki chofè lavi sa a kounye a? Ki plas “le moi” okipe nan lavi sa a ki ranpli ak Lespri Bondye?

4. Kòman ou ka ranpli ak Sentespri a?

Menm jan moun resevwa padon pou peche a gratis “ti cheri” pa lafwa nan Jezi, dezyèm travay sa a ki konsène yon netwayaj nan fon nati peche a vin reyalize tou pou ou sou lakwa (Efezyen 5:25-27). Ou pap jwenn li paske ou merite li oubyen paske ou vle li.

Lè ou ranpli ak Sentespri a ou pral gen pisans pou ou viv yon lavi ki sen nan tout dimansyon li, epi après a ou pral kapab pataje lavi sa a pandan ou pral fè lòt disip; ou pral bay nan labondans donn Bondye ap tann pou bay. Men ou dwe prepare kè ou avan pou ou ka resevwa LI. Pou ou prepare tèt OU, reponn kesyon sa a yo avèk senserite:



- Eske ou ta swete avèk tout kè ou fè Bondye plezi nan toutpanse ou, dezi ou yo, pawòl ou yo ak aksyon ou yo?
- Eske ou deside pou ou bay Seyè a kontwòl lavi ou konplètman epi totalman?
- Eske gen peche nan lavi ou ke ou pa konfese devan Bondye epi ou bezwen Bondye padone ou?
- Eske ou konsakre lavi ou bay Seyè a? Eske ou remèt li tout sa ou ye konsa pou li ka akonpli tout objektif li yo nan lavi ou?

Selon Efezyen 5:18, kòmandman Bondye pou tout pitit li yo sèke li mande pou yo ranpli avèk Sentespri a. Kisa ou dwe fè pou Sentespri a ka ranpli lavi ou, selon Lik11:13? _____

Eske ou ta renmen ranpli ak prezans Sentespri a kounye a?

___ Wis ___ Non ___ mwen toujou pa konprann

Si ou reponn wi, ou ka fè yon lapriyè tankou sa a:

Papa mwen ki nan syèl la, mèsè paske ou fè m' vin pitit ou, mèsè paske ou ban m' yon nouvell lavi nan Kris la. Mwen ouvè pòt lavi mwen devan ou Jodi a pou ou ka egzamine kè mwen epi pou ou retire tout bagay ki pa fè ou plezi. Netwaye m' avèk Lespri ou epi plen mwen avèk lanmou pa ou. Mwen konsakre lavi m' ba ou epi mwen ba ou kontwòl sou tout sa mwen ye, pou mwen viv anba otorite ou tout tan, nan tout relasyon, nenpòt kote mwen ale. • Ban m' pisans ou pou m' ka yon temwen de lanmou ou devan lòt moun. • Mwen resevwa sa pa lafwa epi mwen pran angajman pou m' kontinye grandi nan chemen pa ou yo. Amèn.

5. Aprè ou fin ranpli ak Sentespri a...

- Mande Sentespri a pou li ba ou prèv konsènan travay sanktifkasyon an nan lavi ou (Women 8:16).
- Kontinye grandi nan Jezi atravè tout kalite mwayen ke Bondye mete anplas pou ou, chache fè kilti fwi Sentespri a nan lavi ou (Galat 5:22-23).
- pataje ak lòt moun bòn nouvell Sali a epi travay Sentespri a akonpli nan lavi ou, li pirifye kè ou.
- Kite Seyè a sèvi avèk ou nan legliz li a avèk don esprityèl li ba ou yo.
- Toujou kontinye chache Bondye, konnen li epi obeyi li pi plis.

Sa mwen te aprann nan leson sa a



Mete li anpratik

1. Reflechi sou sa a, aprè ou fin li pasaj nou mande pou ou li yo:

Kisa sa vle di plen ak Sentespri a selon Women 6:1-16?

Kòman zafè ranpli ak Sentespri a manifeste nan lavi Kretyen yo, selon Galat 5:16-26?

2. Aprè ou fin mande Sentespri a direksyon nan lapriyè, reponn kesyon sa a yo avèk yon lis ki gen lide ladan:

Kòman mwen ka demontre fanmi mwen, frè m' ak sè mwen yo nan Kris lanmou pafè ke Bondye mete nan kè mwen an? (Ekri dat ke ou pral fè chak bagay).

Eske gen mès nan lavi mwen ki pa dakò ak fason yon Kretyen dwe viv? Eske genyen pwoblèm relasyon pèsònèl ki pa rezoud nan lavi mwen?

Kle pou yon Lavi Kretyèn nan Labondans



KLE POU YON LAVI KRETYÈN NAN LABONDANS - 7

Fòk ou se yon pwofesè Jezi ki fidèl!

Leson sa a pral

... ede ou konprann ke apèl Jezi fè disip li yo se sa legliz la kòmanse nan ou pa mwayen leson de baz sa a yo.

... gide ou pou ou vin yon disip Kris la ki fidèl pou tout rès lavi ou.

... anseye ou pou ou pran avantaj posiblite pataje Kris avèk lòt moun.

... pouse ou vin yon gid pou lòt moun.

Aprann pa kè: “Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a.” Matye 28:19

Vin yon mentò fidèl pou Jezi

1. Responsablite pou fè disip

Misyon tout legliz la genyen se fè disip. Selon Matye 28:18-20, ki dènye kòmandman Jezi te bay disip li yo avan li monte nan syèl? _____

Si ou egzamine lavi ou baze sou lis sa a, ki obligasyon ki konsène yon gid ke ou akonpli?

___ mwen gen yon nouvèl lavi nan Kris la.

___ m’ap grandi nan konesans Pawòl Bondye.

___ mwen renmen Bondye ak tout kè mwen.

___ mwen renmen moun ki bezwen Jezi epi mwen santi mwen gen konpasyon pou yo.

___ mwen swete gide lòt moun pou yo rive konnen Jezi.

___ m’ap aprann ede lòt moun pou yo vin disip Jezi.

___ mwen swete vin yon manm nan Legliz Nazareyen.

___ mwen vle travay anba otorite lidè nan Legliz Nazareyen an.

Ki pwomès ou ka jwenn pou tèt pa ou nan Matye 4:19? _____



2. Pri pou peye paske ou se disip Jezi

Menm si ou resevwa padon pou peche ou yo, ou dwe deside ak tout konsyans ou pou ou vin yon disip Jezi pou tout rès lavi ou. Se egzateman sa Bondye vle pou ou. Men pou ou se yon disip Jezi- aprann konsènan Jezi nan tout bagay, san pran souf- sa gen yon pri, yon gwo angajman. Selon Matye 16:24, ki twa (3) etap Jezi mande moun ki vle “mache dèyè li” yo oubyen vin disip li dwe pase ?

1. _____
2. _____
3. _____

Lòt ti kòmandman piti Jezi ap tann disip li yo respekte yo prezante byen klè nan vèsè sa a yo:

Lik 14:26 _____

Lik 14:33 _____

Li enpòtan pou ou konprann ke mo “rayi” nan vèsè sa a yo pa vle di rayi oubyen rejte nan sans nou konnen an, men li egal ak “renmen mwens”. Li vle di renmen fanmi nou epi menm lavi pa nou mwens, paske Jezi se lanmou siprèm nou, an konparezon avèk lòt lanmou nou genyen.

3. Fòmasyon yon disip

Après ou fin gen yon lide sou pri renonsman an pou ou vin yon disip Jezi, gen yon pwosesis pou yon fòmasyon k'ap kontinye ki vini aprè. Disip la resevwa fòmasyon atravè eksperyans, konesans, mès ak pataje lafwa li ak lòt moun; sa vle di, atravè yon lavi nan obeyisans ki bay fwi an abondans.

Ann fè yon koudèy sou sa a:

1. Konnen Jezikri.

Eske ou ka prezante kòrèkteman devan yon moun ke ou pa konnen? _____

Kòman ou ka rive konnen yon moun? _____

Kisa ki ka pèmèt yon moun grandi nan konesans Pawòl Bondye chak jou, selon Sòm 119:11 ak Lik 8:15? _

Yon bon gid (pwofesè) se yon moun k'ap grandi chak jou nan konesans Jezi.

2. Fòk ou se yon enterese.

Eske lapriyè ou gen yon enfluyans ki ka pèmèt lòt moun rive konnen Jezi, selon 1 Timote 2:1-4? _____

Yon bon gid (pwofesè) se yon Kretyen ki renmen lòt moun epi ki vle pase tan nan lapriyè pou yo chak.

3. Mete lòd nan lavi ou.

Selon Jan 15:14, ki relasyon ki genyen ant konnen Jezi ak obeyi Li? _____



Youn nan kle pou ou rive pote fwi nan lavi kreyèn nan se obeyi Seyè a tout tan. Pi ba a ou pral jwenn yon lis disiplin kreyen ki mande pèsèverans. Tcheke sa ou bezwen fè plis efò pou ou respekte yo:

- __ pase tan pou kont ou ak Bondye chak jou.
- __ pratike kominyon kreyèn.
- __ aprann vèsè nan Labib pa kè.
- __ Li liv ak magazin ki ka ede m' grandi antanke yon disip Jezi.
- __ patisipe nan ministè nan legliz la.
- __ patisipe nan sèvis ak nan aktivite legliz mwen.
- __ bay ofrann mwen ak ladim mwen regilyèman.
- __ pratike konpasyon.
- __ soumèt ak lidè legliz yo.

Bon gid yo se sila a yo ki ofri moun y'ap fòme yo yon modèl lavi kreyèn ki merite imitasyon.

4. Pandan ouap pataje ak lòt yo suiv modèl bibliik la

Depi nan kòmansman Legliz Kreyèn nan, Bòn nouvèl Sali a te rive gaye atravè moun ki rakonte lòt eksperyans yo fè avèk Kris la, swa pa mwayen pawòl yo oubyen mòd de vi yo.

Se poutèt sa, li enpòtan pou ou pataje temwanyaj pèsònèl ou ak lòt moun, aprè sa ouap vin tounen yon pati nan chèn ki gen disip fidèl nan tout jenerasyon. Pandan ouap pataje ak lòt yo, swiv modèl bibliik sa a:

1. Kisa Jezi mande nou nan Jan 13:15? _____

selon Matye 9:9-13, pandan ouap suiv egzanp Jezi, pou kisa li enpòtan pou ou kontinye konstwi relasyon ou avèk sila a yo ki toujou poko konnen Li? _____

2. Ki egzanp lapòt Pòl te ba nou nan 1 Kòrentyen 11:1? Epi legliz la nan Tesalonik nan 1 Tesalonisyen 1:7? _____

Pandan n'ap suiv konsèy Pòl nan 1 Kòrentyen 9:18-22, ki kalite dispozisyon ou dwe genyen pou n' chache sila a yo ki pa konn Kris la? _____

3. Bay lòt yo temwayaj pèsònèl ou

Temwayaj ou bay nan bouch ou konsènan sa Bondye fè nan lavi ou enpòtan pou ou jwenn moun pou Kris la. Egzèsis sa a konseye ou kèk prensip jeneral ki ka ede ou pataje temwayaj pèsònèl ak lòt moun:

Ekri temwayaj pèsònèl ou sou yon fèy apa, pandan ouap sèvi ak kesyon sa a yo kòm yon gid:

- Kijan lavi ou te ye avan ou te konnen Jezi?
- Ki bezwen Jezi te satisfè nan lavi ou? Li kapab: manke lanmou, solitud (izòlman), santiman kilpabilite, bezwen padon, elatriye.



- Kòman ou te resevwa nouvèl lavi nan Kris la?
- Ki chanjman ki fèt nan lavi ou pandan ke Jezi abite nan kè w?

Temwayaj pèsònèl ou se kle pou reveye enterè moun pou tande plis konsènan Kris la. (Ou ka li konsènan egzanp temwayaj pèsònèl Pòl nan Travay 26:1-23).

4. Lapriyè pou ou vin yon disip Jezi.

Li enpòtan pou ou lapriyè epi rete tann bon moman an pou ou pale konsènan Jezi. Sonje ke se Sentespri a ki prepare kè moun pou yo ka gen dezi pou yo koute Pawòl Bondye a. Ranpli tablo ki nan lòt paj la avèk enfòmasyon sou moun ou vle mennen bay Jezi yo.

Lapriyè chak jou pou moun sa a yo, mete tèt ou osèvis yo pou ou satisfè bezwen yo, se pou ou jwe wòl egzanp pou yo konsa pou yo ka wè lavi ou ke Bondye transfòme, prepare ou pou yon bòn okazyon pou ou pataje temwayaj ou a, epi ede yo resevwa nouvèl lavi nan Kris la.

NON MOUN	LAJ MOUN	RELASYON	BEZWEN ESPEYAL

5. Mete ou prè pou ou kontinye grandi epi resevwa fòmasyon nan legliz la, yon fason pou ou ka gide lòt yo nan yon tan ki pa twò lwen.

Sa mwen te aprann nan leson sa a

Mete li anpratik

1. Selon Ezekyèl 33:8-9 ak Pwovèb 24:11-12, èske eskiz pitit Bondye yo bay pou yo pa pale ak lòt moun konsènan Kris la, se eskiz ki fonde pou Jezi?
2. Selon Matye 25:41-46 ak Jan 3:17-18, èske gen espwa pou sila a yo ki mouri san yo pa pran nesans nan nouvèl lavi nan Kris la?



3. Li epi reflechi sou Jan 3:14-16 ak Women 10:14-15. Eske li nòminal pou ou di ke volonte Bondye se pou tout pitit li yo pwoklame nan mond la ke genyen espwa nan Jezi? Eske ou aksepte angajman sa a? si ou aksepte, deklare sa devan Bondye nan lapriyè epi pataje sa ak pastè oubyen lidè yo nan legliz la.



EPI KOUNYE A KISA?

Pandan ouap konplete seri leson sa a yo sou baz pou fè disip la, nou espere ke ou grandi nan lafwa ou epi nan angajman ou ak Kris la. Ou dwe pran prekosyon espesyalman pou ou kontinye mete yon tan apa chak jou pou ou menm sèl ak Bondye epi etidye Pawòl li. Li enpòtan pou ou pran desizyon pou ou yon disip Jezi epi yon gid ki fidèl, epi pou ou kontinye aprann pandan tout rèz lavi ou.

Kounye a ou dwe kontinye ak kwasans espirityèl ou a, pran desizyon pou ou vin yon manm nan Legliz Nazareyen an, ki te nourri ou avèk anpil lanmou pandan tout tan sa a. Nan legliz la ou pral jwenn sipò pou ou ka grandi nan lavi plen ak Lespri Bondye, epi ouap jwenn fòmasyon nan ministè ke Bondye genyen pou ou. Pral genyen lòt leson oubyen etid ki pral ede ou konprann doktrin ak òganizasyon legliz byenneme nou an pi byen.

Te gen yon lè, Jezi t'ap anseye 12 disip li yo, li te di: “Yo te ban nou gratis, se pou nou bay gratis tou” (Matye 10:8). Misyon legliz la, selon Matye 28:19-20, se fè disip; nan sans sa a, dezi Bondye se pou ou vin yon gid. Nou espere ke pa twò lontan ouap pran desizyon pou ou travay nan evanjelizasyon ak ministè fè disip nan legliz lokal la. Kontinye mach ou nan Li!



Leson Fodamantal sou Ministè fè

Etid sa a konpoze de 12 leson: senk (5) premye yo gen tit Nouvo lavi nan Kris la, epi yo eksplike kèk baz jeneral pou swiv Kris la fidèlman. Set (7) leson ki aprè yo gen pou tit Kle pou yon Lavi Kreytèyè nan Labondans, ki bay plis ansèyman pou tout lavi nan mach nou nan Kris la. Te gen ladan tou yon gid pou disip.



Publica y distribuye: Asociación CN-MAC
Km. 8.5 Carretera al Atlántico, zona 18
Ciudad de Guatemala, GUATEMALA
Tel.: (502) 2258-5911
e-mail: acngt@nazmac.org

